ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№77 (24.983) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



## ЩIалэгъуалэм я махуэм теухуа КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ЩIалэгъуалэм я махуэмкIэ!

Фи жыджэрагъым, къыхэфлъхьэ жэрдэмхэрэ фхэлъ жэуаплыныгъэмрэ, Хэкум фыхуэщхьэпэну фызэрыхущIэкъум куэдкIэ елъытащ ди щIыналъэми зэрыщыту къэралми я къэкIуэнур зыхуэдэнур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и нобэрей щIалэгъуалэр жанщ, зэчиифIэхэщ икIи лэжьакIуэшхуэхэщ. Дэ дрогушхуэ ди IэщIагъэлI, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм, лэжьакIуэхэм, творческэ IэнатIэхэм пэрытхэм, хьэрычэтыщIэхэм, дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, спортсменхэмрэ волонтерхэмрэ. Шэч хэмылъуи, хэхауэ гушхуэныгъэ къытхалъхьэ дзэ Iуэху хэхам хахуэу хэт ди зауэлI щIалэхэм, Урысейм и суверенитетымрэ цIыхубэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ я къару емыблэжу зыхъумэхэм.

ЩIалэгъуалэ политикэр япэ идгъэщхэм ящыщщ. Дэ республикэм щыпыдощэ фи зэфIэкIым хэвгъэхъуэн папщIэ фызыхуеинухэр нэсу фиIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм. Егъэджэныгъэ IэнатIэм зыдогъэужь, щIалэгъуалэ центрхэр къызэIудох, творчествэм епхахэм папщIэ щIыпIэхэр къызыдогъэпэщ, зи щIалэгъуэхэм я зэфIэкIыр лэжьыгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэмрэ жылагъуэ IэнатIэмрэ къыщагъэлъэгъуэнымкIэ щIэгъэкъуэн дохъу. Шэч къытесхьэркъым фэ а Iэмал псори жыджэру къызэрывгъэсэбэпым икIи фи щIэныгъэр, жыджэрагъыр, фи плъапIэхэр зэвгъэхъулIэным фызэрыхущIэкъур Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей къэралыгъуэшхуэмрэ я зыужьыныгъэм зэрыхуэщхьэпэнум.

Сынывохъуэхъу фи мурадхэр, пэхуэщIэхэр, жэрдэмхэр къывэхъулIэну, фыузыншэну, фи Iуэху сыткIи зэпэщу фыпсэуну.

## Фэращ республикэр зыщыгугъыр

**ЩIалэгъуалэм я махуэм ипэ къихуэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIалэгъуалэ правительствэщIэм хэтхэм.**

«УНЭТIЫНЫГЪЭ нэхъыщхьэу зэлэжьыпхъэхэмрэ правительствэщIэм къыпэщылъ къалэнхэмрэ дыщытепсэлъыхьащ зэIущIэм, - щетх КIуэкIуэ Казбек и Макс-напэкIуэцIым. - Республикэм и министерствэхэм ядэлажьэурэ, абыхэм къэрал унафэ зехьэкIэм зрагъэсэну Iэмал яIэнущ, хабзэм теухуа актхэм я проектхэр зэхалъхьэнущ, щIыналъэм и щIалэгъуалэ политикэр ирагъэфIэкIуэнущ.

Гулъытэ нэхъыбэ хуэфащэщ хэкупсэ гъэсэныгъэм, щэнхабзэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, лъэпкъхэм я зэхуакум зэгурыIуэныгъэ дэлъыным, Урысейм и лъэпкъхэр зэрыIыгъыным.

ЩIалэгъуалэ правительствэщIэм хагъэхьащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, гъэсакIуэхэр, дохутырхэр, студентхэр, урысейпсо зэпеуэхэм щытекIуахэр, волонтёр зэгухьэныгъэхэм щыпэрытхэр.

Министерствэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я унафэщIхэм я нэIэ щIэту, ахэр лэжьыгъэр зэрекIуэкIым хэгъуэзэнущ, проектхэр зэрагъэпэщыным, езыхэм я еплъыкIэр къыхалъхьэным тегушхуэфу хъунухэщ.

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыр зэраублэрэ, къэралым и щIалэгъуалэ политикэр ипэкIэ кIуэтащ. Республикэм хуэмурэ щIызэфIоувэ зэманым декIу инфраструктурэ: щIалэгъуалэ центрхэр, студент зэхуэсыпIэхэр къызэIуах, щIалэгъуалэм ядэлэжьэну IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзыр.

Шэч къытесхьэркъым дэтхэнэ зыми и пщэ дилъхьэжа къалэныр зэригъэзэщIэнум. Я лэжьыгъэм фIы куэд къащыхудэкIуэну, ди республикэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн жэрдэмыщIэхэр хахуэу къыхалъхьэу лэжьэну сохъуэхъу».

# ГугъапIэ нэхухэр зи гъуазэ

**УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм зэриубзыхуам тету, нобэ, мэкъуауэгъуэм и 27-м, ди къэралым и щIыналъэ псоми щекIуэкIынущ курыт школыр къэзыуххэм папщIэ зэхашэ гуфIэгъуэ пшыхьхэр. IэнатIэм и унафэщI Кравцов Сергей зэрыжиIамкIэ, ныщхьэбэрей зэхуэсхэм екIуэлIэнущ зи щIалэгъуэу мин 660-м щIигъу. А зэхыхьэхэм къэрал, жылагъуэ мыхьэнэ зэраIэр ягъэбелджылыуэ, апхуэдэуи гуфIэгъуэр зи щIалэгъуэхэм даIэтыну абы къекIуэлIэнущ къэрал къулыкъу лъагэ зыIыгъхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, егъэджакIуэ пашэхэр, адэ-анэхэр, ныбжьэгъухэмрэ благъэхэмрэ.**

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм еплъытмэ, мыгъэрей пшыхьхэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ. Псом япэрауэ, ахэр нэсу къызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ. АбыкIэ жэуап яхь хабзэхъумэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэм. ЕтIуанэрауэ, гуфIэгъуэ зэIущIэ псори яублэнущ УФ-м и Къэрал ныпыр Iэтынымкlэ, Къэрал гимныр къеуэнымкIэ. Абы къегъэлъагъуэ пшыхьхэм хэкупсэ унэтIыныгъэ яIэу зэрыщытынур. КъыкIэлъыкIуэу псэлъапIэр хуит хуащIынущ хьэщIэ лъапIэхэм, школ унафэщIхэм, егъэджакIуэхэм. АдэкIэ фIыщIэ псалъэкIэ егъэджакIуэхэм зыхуагъэзэнущ школыр къэзыуххэр, абыхэм я адэ-анэхэр. А псори къызыхуэтыншэу зэрызэпащэнум шэч хэлъкъым.

Курыт школыр къэзыуххэм я пшыхь ин мэкъуауэгъуэм и 26-м щекIуэкIащ Москва и Утыку Плъыжьым. 2000 гъэм къыхалъхьауэ щыта а зэIущIэр къалъытэ къэралым и апхуэдэ пшыхь нэхъыщхьэу. ГуфIэгъуэм къыхузэрагъэпэща Iуэхугъуэхэр утыкушхуи 5-м щекIуэкIащ, сыхьэт 12 хъу концерт программэшхуэ щIыгъужу. Кремлым и Уардэунэм щекIуэкIа а пшыхьым хэтащ ныбжьыщIэ 6000, къэралым щылажьэ курыт школ 300-м щIигъум я лIыкIуэу. Дауи, абы ирагъэблэгъар фIым я фIыж ныбжьыщIэхэращ.

Ныщхьэбэ ди къэралым щызэхашэ хабзэ пшыхьхэм къахолыдыкI «Парус плъыжьхэр» фIэщыгъэр зиIэу Санкт-Петербург щекIуэкI хабзэ гуфIэгъуэ пшыхьыр. 1968 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ а нэгузыужь зэхыхьэм къызэщIрагъэубыдэ ныбжьыщIэхэм гукъинэж ящыхъун Iуэхугъуэ куэд. Нева псым трагъэхьэнущ жьыкIэ зекIуэ кхъуафэжьей, и чэтэн плъыжьым дэхуарзэу. Къалэр зэрыщыту къызэхикIухьурэ абы гуфIэгъуэм хэтыным псори къыхуреджэ. ИтIанэ, сыхьэт 22-м щIидзэнурэ щыхьэритIми нэху щыху щекIуэкIынущ концерт инхэр. НыбжьыщIэхэм папщIэ нэхущым ягъэлъэтэнущ хьэрэкIытIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Москварэ Санкт-Петербургрэ нобэ щекIуэкI хабзэ гуфIэгъуэ зэхуэсхэм яхуэдэ дыдэу щымытми, ди республикэм и курыт школ псоми щызэхашэнущ ар къэзыуххэм яхуэгъэпса пшыхь гукъинэжхэр. Абыхэм екIуэлIэнущ зи гукъыдэжкIи теплъэкIи дагъуэ гуэри зыхуэпщI мыхъуну щIалэгъуалэ екIу, дэтхэнэми и нэгум гуфIэгъуэм и нурыр кърихрэ пкъым имызэгъэж гукъыдэжри «къыщхьэпрыпкIыу». Апхуэдэхэщ ди ди бгырыс щIалэ екIухэр, данэпсым зэрехьэ зыхужыпIэным хуэдэ бостей дахэ зыщыгъ ди пщащэ тхьэIухудхэр. Лъэпкъ гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ курыт школым илъэс 11-кIэ щызэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэхэм яхэтщ къэрал къэпщытэныгъэхэмкIэ балли 100 къэзыхьахэр. Ахэр хэхауэ щаIэтынущ пшыхьхэм.

Илъэс куэдкIэ я нэIэм щIэта я гъэсэнхэм щогуфIыкI я егъэджакIуэхэр, хьэщIэ лъапIэхэри ящIыгъуу. Быным хуаIэ гугъапIэ нэхухэр зи гумрэ зи псэмрэ щызыгъафIэ адэ-анэхэри я щIэблэм яхуогуапэ, езыхэм я быным хуэдэу дахэрэ IэфIрэ дунейм нэгъуэщI зыри зэрытемытыр хьэкъыу япхыкIауэ. А псоми балигъ гъащIэм хыхьэ ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэ куэд щагъэIунущ ныщхьэбэрей пшыхьым.

Дэри ди гуапэу захудогъазэ курыт школыр къэзыухыу гъащIэм и напэкIуэцIыщIэ къызэIузых щIалэгъуалэм. ЕгъэджэныгъэмщызыIэрывгъэхьа текIуэныгъэхэр дяпэкIэ фиIэну ехъулIэныгъэщIэхэм я пэщIэдзэ ирехъу. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэ псом зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуфын IэщIагъэлI щыпкъэхэр къыфхэкIыну дыфщогугъ. Фызыхыхьэ балигъ гъащIэм и гъуэгур бгъуфIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ, купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ къыфхущIэкIыну, фи гумрэ фи псэмрэ зыщIэхъуэпсхэр, нобэ гъащIэм хувиIэ гугъапIэ нэхухэр къывэхъулIэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*



# Гукъыдэж къозытым ущыхуэпэжым деж

**Щ|алэгъуалэм гулъытэшхуэ ягъуэту, абыхэм я дуней лъагъук|эм ф|ы и лъэныкъуэк|э зезыгъэужь пэхуэщ|эхэр къыхалъхьэк|эрэ я |уэхухуэр утыку къихьэу зыбжанэрэ лъандэрэ зэрек|уэк|ым гу лъытэгъуейкъым. Ар ик|и гурыIуэгъуэщ. Щ|алэгъуалэращ къэк|уэнур зейр, ахэращ пщэдейрей махуэхэм щалъагъуну зыхуейхэмк|э жэрдэмщ|ак|уэхэр, нобэрей махуэхэм зэхъуэк|ыныгъэхэр къыхэзылъхьэхэр.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭРАЩ жыджэру щ|эныгъэр, егъэджэныгъэр, гъуазджэр, щэнхабзэр, спортыр ипэк|э зыгъэк|уатэр, я гуащ|э халъхьэурэ дэтхэнэ зы |энат|эми зезыгъэузэщ|ыр. Жып|энуращи, щ|алэгъуалэ |уэхухэр щы|эныгъэм и гуащ|эщ, зэкъуэбгъэувэмэ, къару лъэщи ирокъу. А къалэн мытыншыр зи пщэ дэзылъхьэжахэм ящыщщ «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэрым щи|э щ|ыналъэ къудамэр. Зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ хелъхьэ абы и унафэщ| Шыпш Аслъэн. Ди гуапэу «Адыгэ псалъэ» газетым и щ|эджык|ак|уэхэр щ|алэщ|эм и гупсысэхэм фыщыдогъэгъуазэ.

Къэралпсо мыхьэнэ зи|э зэгухьэныгъэм и пашэхэм ящыщ хъуа щ|алэщ|эр и жылагъуэ |уэхухэм нэхъ кууэ щыхыхьащ КъБКъУ-м. Юриспруденцэмк|э |эщ|агъэ зэзыгъэгъуэта щ|алэр КъБКъУ-м илъэсийк|э щылэжьащ, игъуэта щ|эныгъэмк|э ныбжьыщ|эхэм ядэгуашэу. Шыпшым гуапэу игу къегъэк|ыж езыгъэджахэм, гъуэгу захуэм хуэзыунэт|ахэм, щ|эныгъэм хэзыгъэгъуэзахэм ящыщу Гъук|эпщокъуэ Мурат, Дыщэк| Мадинэ, Блий Риммэ, Шокъум Юрэ, Хьэц|ык|у |эсият, нэгъуэщ|хэри.

«Дерсхэм щ|адзэным ипэ къихуэу зы сыхьэтк|э нэхъ пасэу еджап|эм дыкъек|уал|эрт, егъэджак|уэхэм япэгъунэгъуу т|ысып|эхэр дубыдын щхьэк|э. Дэрк|э мыхьэнэшхуэ и|эт абыхэм жа|эхэм ящыщу зы псалъэ дэдмыгъэхуу дигу идубыдэным, иужьк|э ар ди |эщ|агъэм къыщыдгъэсэбэпыжыным. Унэт|ак|уэ тхуэхъуахэм яхуэмыфащэ ф|ыщ|э щы|экъым - зып|эрыт |уэхум ф|ыуэ хащ|ык|ырт, дыдрагъэхьэхын щхьэк|и, я зэф|эк| псори ирахьэл|эрт. Тхылъым имыхуа щытык|э |эджэ зэрыщы|эм, абыхэм дэ да|уэнк|э, уеблэмэ зэблэгъэк|ын хуейуэ |энат|э ды|уувэнк|э зэрыхъунум и гугъу къытхуащ|ырт. Абы дыкъызэригъаlэрти, |эмал къэтлъыхъуэу, хэк|ып|эхэр зэ|удгъэувэу дызэхьэрхуэру ди гупсысэр псы уэрым ещхьу къэдут|ыпщырт. Егъэджак|уэхэми дыкъызэпаудакъым, ат|э дытрагъэгушхуащ. Аращ |эщ|агъэр ф|ыуэ дэзыгъэлъэгъуар, абы къыдатар ди ужь итхэм деж нэтхьэсыжыну гурыщ|э къытхэзылъхьар», - же|э Шыпшым.

Щ|алэгъуалэм яхэтыныр, абыхэм гъуазэ яхуэхъуныр сыт щыгъуи и хъуэпсап|эу щытащ Аслъэн. Курыт еджап|эм щыщ|эсам щегъэжьауэ ар хэтщ щ|алэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, и гупсысэхэм утыку яриту. «Пионер зэгухьэныгъэхэр щыкъутэжым, я п|эм иувэну зэхуэсыгъуэхэм зыбжанэрэ сапэплъащ. Арщхьэк|э апхуэдэ гуэри къыхэзылъхьэн къыщыкъуэмык|ым, сытегушхуэри КъБР-м и Япэ Президенту и|а К|уэк|уэ Валерэ деж сытхауэ щытащ, сабийхэмрэ щ|алэгъуалэмрэ зэкъуэзыгъэувэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэригъэпэщыну селъэ|уу. «Хэгъэгу ныбжьыщ|э» ф|эщыгъэр зэстыжа зэгухьэныгъэр зэрылэжьэну щ|ык|эр къызэщ|эзыубыдэ хабзэри зэхэзгъэувэжауэ щытыгъат. Ар къыщыхъуар 2000 гъэращ», - игу къегъэк|ыж Шыпш Аслъэн.

Щ|алэ гумызагъэм къенык|уэкъу хъуэпсап|эхэр нахуап|э щыхъуар илъэс 20 дэк|а нэужьщ. 2022 гъэм дунейм къытехьащ къэралым и щ|алэгъуалэр зэкъуэзыгъэувэ зэгухьэныгъэр. «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэм» и щ|ыналъэ къудамэм и унафэщ|у ягъэувари Шыпш Аслъэнщ. «Пэжыр жып|эмэ, гъуэгу хъарзынэ къэтк|уат абы ипэ къихуэу, щ|алэгъуалэм я пэхуэщ|эхэр утыку итхьэу, лэжьыгъэ гуэрхэмк|э унафэщ|хэм зыкъедгъэлъагъуу, жылагъуэ мыхьэнэ зи|э жэрдэмхэмк|э ц|ыхубэм гу зылъедгъатэу. Сэ къызэрызгуры|уэмк|э, а гъуэгур занщ|эу хуэк|уэрт иджы зи унафэр къыс|эщ|алъхьа зэщ|эхъееныгъэм. Абы къыхыхьэ хъунущ зи ныбжьыр илъэси 6-м ит ц|ык|ухэм къыщегъэжьауэ илъэс 25-рэирикъуа щ|алэгъуалэм нэс. Абыхэм я унэт|ак|уэ къалэныр къэзыщтэфынур зи ныбжь ирикъуа, лэжьыгъэк|э къыхэща, зи зэф|эк|ыр щ|алэгъуалэм ябгъэдэзылъхьэфыну егъэджак|уэхэрщ, ущияк|уэхэрщ, жылагъуэ лэжьак|уэхэрщ. Абыхэм къызэрагъэпэщ хасап|эхэр, зэхуэсып|эхэр, |энэ хъурейхэр, щ|эн|уатэхэр, хуейр ек|уал|эу, и есэныгъэхэм защригъэужьу, и гупсысэхэм щыхагъахъуэу. Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди зэщ|эхъееныгъэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ адэ-анэхэм я гулъытэшхуэ зэрыдгъуэтыр, ахэр щ|эгъэкъуэн къызэрытхуэхъур. Ар къэгъэнауэ, ди лэжьыгъэр КъБР-м и |этащхьэ К|уэк|уэ Казбек и нэ|э щ|этщ, уеблэмэ ар ди унэт|ак|уэ нэхъыщхьэу щытщ, ди зэщ|эхъееныгъэм и Зэзыгъэу|у советым и унафэщ|ыр аращ», - же|э Шыпшым.

Пэж дыдэу, «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэм» сыт хуэдэ |уэху имылэжьыр?! Ахэр тегъэпсыхьащ къэек|уал|э сабийхэмрэ щ|алэгъуалэмрэ дэзыхьэххэм. Гулъытэ пыухык|ахэр ягъуэт, псалъэм папщ|э, егъэджэныгъэм, щ|эныгъэмрэ технологиемрэ, дыкъэзыухъурехь дунеймрэ щ|ыуэпсымрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, спортым, хъыбарегъащ|э |энат|эхэм, дипломатиемрэ дунейпсо зэхущытык|эхэмрэ, туризмэмрэ зек|уэмрэ, псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ тхыдэ щ|эжымрэ, нэгъуэщ| куэдми.

«Дэ ди пщэ къыдэхуэ лэжьыгъэхэр зэщ|а хъун папщ|э, къэралпсо ик|и хэгъэгупсо мыхьэнэ зи|э пэхуэщ|эхэм иужь дитщ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтырк|э, «Тхыдэр зыхъумэхэр», «Унагъуэ гуп зэкъуэтхэр», «Ди хьэблэм щыщ щ|алэгъуалэр», нэгъуэщ|хэри. Дэтхэнэ зыми ныбжьыщ|эхэм я гъащ|эм щ|эщыгъуэ гуэр къыхелъхьэ, ар куп щ|э зи|э |уэхугъуэхэмк|э егъэнщ|. «Ди хьэблэм щыщ щ|алэгъуалэр» зыф|этща пэхуэщ|эхэм ди сабиигъуэм ди|а джэгук|эхэр къигъэщ|эрэщ|эжыну пщэрылъ зыщещ|ыж. Махуэр зи к|ыхьагъым сабийм телефоныр |эщ|элъу интернетым итк|э, и зэхэщ|ык|ым зиужьынукъым, ар ц|ыхум яхэтыфу, езым хуэдэхэм бгъэдыхьэк|э къахуигъуэтыфу щытын хуейщ. Аращ ар зыхуэгъэпсар. «Уи хъуэпсап|эхэр уи ф|эщ щ|ыи...» зыф|этща пэхуэщ|эри щ|агъуэщ. Абы щ|алэгъуалэр зытемыгушхуэ |уэхухэмк|э жэрдэм къарет, лъэбакъуэхэр гушхуауэ ярегъэч. Апхуэдэ зэхьэзэхуэ ик|и зэхуэсыгъуэ куэд ди|эщ, ди щ|эблэр абы къытхуешал|э къудеймэ, псэк|и, гук|и, акъылк|и нэхъ хуэщ|а зэрыхъуным шэч къытедмыхьэу», - зеумысыж Аслъэн.

Шыпшыр иригушхуэу топсэлъыхь иужьрей лъэхъэнэхэм къыхалъхьэ жэрдэмыщ|эм - гуащ|эдэк| гъэсэныгъэр къэгъэщ|эрэщ|эжыным хуэгъэпсауэ зэхагъэува |уэхугъуэщ|эм. «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэр» иужь итщ «агроклассхэр» къызэригъэпэщыну. «Мы блэк|а гъатхэм гуэдзхэк| зэмыл|эужьыгъуэхэр хэтсэри, къытек|а гъавэр зыхузэф|эмык|хэмрэ зи закъуэ къэнауэ псэу нэхъыжьхэмрэ яхуэдгуэшащ. Лэжьыгъэмк|э хьэрхуэрыгъэр сабийхэм я зэхуаку къызэрыдилъхьэм и мызакъуэу, гууз-лыуз я|эу къэгъэтэджынри къызыхэк| |уэху щхьэпэщ - уи щхьэ закъуэм ф|эк|а къыпф|эмы|уэхуу дунейм утетмэ, гъащ|эм къыпхуищ|эну ф|ыгъуэхэм ящыщ куэд пф|эк|уэду къысщохъу», - жи|ащ Шыпш Аслъэн.

Зи унафэ ищ| зэщ|эхъееныгъэм щ|ып|эщ|ып|эк|эрэ къыщызэ|уих къудамэхэми я гугъу ищ|ащ Аслъэн. «Мы гъэм КъБКъУ-м къыщызэ|утхын ди гугъэщ апхуэдэ зы къудамэ. Ди гуапэ хъунущ пэрытхэмрэ унэт|ак|уэхэмрэ университетым щ|эс студентхэмрэ абы и егъэджак|уэхэмрэ къахыхьэмэ. Ди къудамэ КъБКъУ-м иджыри къэс къыщызэ|удмыхами, иужьрей илъэсит|ым абы лэжьыгъэшхуэ щедгъэк|уэк|ащ. Псалъэм и хьэтырк|э, «Университет зэблэк|ыгъуэхэр» зыф|этща |уэхур хуэгъэпсащ еджап|эр къэзыуххэм я ужь къиувэну ныбжьыщ|эхэр унэт|ыным, къыхах |эщ|агъэм и к|уэрабгъухэмк|э ядэгуэшэным, абы хэлъ ф|агъ псоми къадэк|уэу, зы|уунк|э хъуну щыщ|эныгъэхэмк|э гъэгъуэзэным. Ар, сызэрепльымк|э, мыхьэнэшхуэ зи|э |уэхущ. Шэч къытесхьэркъым КъБКъУ-мрэ дэрэ гуащ|аф|эу дызэрызэдэлэжьэнум», - же|э Шыпш Аслъэн.

Унафэщ| щ|алэм хьэкъыу и ф|эщ мэхъу «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэм» дяпэк|и Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщиубгъунур, абы къыхыхьэ щ|алэгъуалэм щ|ыналъэм и зыужьыныгъэм хуэгъэза |уэхуф| куэд зэрызэф|агъэк|ынур. Дэри «Пэрытхэм я зэщ|эхъееныгъэм» ищ| гуращэ дахэхэр къехъул|эну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 27,** *щэбэт*

- **Урысейм и щ|алэгъуалэм я махуэщ**
- **Бдзэжьей ещэным и дунейпсо махуэщ**
- **Тропик мэзхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
- **1979 гъэм** «КъБР-м и ц|ыхубэ тхак|уэ» ц|э лъап|эр ягъэуващ.
- **1968** гъэм къалъхуащ тхыдэ щ|эныгъэхэмк|э доктор, ЩIДАА-м и академик **Хьэткъуэ Самир.**

**Дунейм и щытык|энур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымк|э, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 28,** *тхьэмахуэ*

- **Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къыщащта махуэщ**
- **1798 гъэм** къалъхуащ 1829 гъэм |уащхьэмахуэ япэ дыдэу дэк|а адыгэл| **Хьэшыр Чылар.**
- **1944 гъэм** къалъхуащ тхак|уэ, щ|эныгъэл|, генеалогиемк|э дунейпсо академиеми (Париж) ЩIДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолэ.**

**Дунейм и щытык|энур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымк|э, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 29,** *блыщхьэ*

- **Урысей Федерацэм щагъэлъап|э партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр**
- **Кхъухь зыухуэм и махуэщ**
- **1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щ|ыхь зи|э и артист **Балъкъэр Юрэ.**

**Дунейм и щытык|энур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымк|э, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 30: 17-р хъыджэбз ц|ык|ущ, 13-р щ|алэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 39-рэ: 23-р хъыджэбз ц|ык|ущ, 16-р щ|алэщ.

*Мэкъуауэгъуэм* зэрыщ|идзэрэ щ|ыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 620-рэ.

*Илъэсым и пэщ|эдзэм* щегъэжьауэ 4293-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Куэдым ущыгугъыу мащ|эм зыхыумыгъэн.**

● КъБР-м и МВД-м къет

# Дзэм ираджэнухэм я|уощ|э

**КъБР-м щы|э МВД-м и УНК-м и лэжьак|уэхэм, военкоматым и |эщ|агъэл|хэр ящ|ыгъуу, республикэм и Дзэ комиссариатым дзэ къулыкъум ираджэнухэм зэ|ущ|э щыдрагъэк|уэк|ащ, Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм къриубыдэу.**

АКЦЭМ и мурадыр дзэм ираджэным зи ныбжьыр зэк|э нэмысахэр, апхуэдэуи мыгувэу дашынухэр гъащ|э узыншэм, наркотикхэм пэ|эщ|эным хуэущиинырщ.

Полицэм и лэжьак|уэхэм дзэ къулыкъур езыхьэк|ынухэм псалъэмакъ щхьэпэ драгъэк|уэк|ащ. Абыхэм гурагъэ|уащ наркотикхэр хабзэншагъэк|э игъэк|ыным пыщ|а щ|эпхъаджагъэхэм кърик|уэ административнэ, уголовнэ жэуапхэр. Ахэр къыхураджащ хьэл мыхъумыщ|эхэм зыщадзеиным, Хэкум и хъумак|уэ нэс хъуным.

Зэ|ущ|эм и к|эухыу къызэхуэсахэм да|ыгъащ «Наркотикхэр щремы|э» флешмобыр.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

## Интернетк|э |э тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» |э щытебдзэ хъунущ дэнэ щ|ып|э ущы|эми: Сбер-онлайным уохьэри, абы тыбогъапсэ. Адэк|э ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ к|эщ| дыдэу ущигъэгъуэзэнущ ик|и къебгъэхьын папщ|э (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи ц|э-унэц|эмрэ хэщ|ап|эмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэк|э къыдэк| газет закъуэм адэк|и и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

**• Нобэ Урысей щIалэгъуалэм я махуэщ**

# «Хъуэпсапlэ. Гушхуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ»

**Зыуэ щыта апхуэдэ къэралпсо къыхуеджэныгъэм щIэту нобэ дэнэкIи щагъэлъапIэ Урысей щIалэгъуалэм я махуэр. Зэраубзыхуам тету, щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къэралым и Iуэхущlапlэ пэрытхэм утыкушхуэхэм ирахьэнущ щIэблэм адэкIи заужьынымкIэ Iэмалыщlэхэр къыщыгъэлъэгъуа пэхуэщIэхэмрэ программэхэмрэ. Апхуэдэу дэнэкIи къыщызэрагъэпэщынущ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, технологие, щэнхабзэ, творчествэ, хьэрычэт IэнатIэхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэщIэхэр хэIущIыIу щащI фестивалхэр, пшыхьхэр, нэгъуэщI зэхыхьэхэр. Къэралым и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ягъэува мы гъэм а псори хуэунэтIащ къэкIуэнур зей зи щIалэгъуэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым, гупсысэм, дуней еплъыкIэм нэхъри зегъэужьыным, зегъэшэщIыным.**

ДИ КЪЭРАЛЫМ и тхыдэм укIуэцIрыплъмэ, наIуэ мэхъу абы щIалэгъуалэм дапщэщи гулъытэ хэха щагъуэту къызэрыщекIуэкIыр. Нобэ дгъэлъапIэ ЩIалэгъуалэм я махуэщIыр къызэрежьам уриплъэжмэ, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэр хыболъагъуэ. Совет къэралыгъуэр къыщыунэхуагъащIэ илъэсхэм къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэр иухыху, ар ягъэлъапIэу щытащ шыщхьэуIум и иужьрей тхьэмахуэ махуэм, «НыбжьыщIэхэм я дунейпсо махуэ» фIэщыгъэр иIэу. А махуэщIым ирихьэлIэу зи щIалэгъуэхэр хущIэкъурт зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьэну, гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIыну. Абы и щапхъэ цIэрыIуэхэм ящыщщ шахтёр щIалэщIэ Стаханов Алексей 1935 гъэм НыбжьыщIэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу фIамыщI къыщIэхынымкIэ игъэуvaуэ щыта рекордыр. А къэхъукъащIэ хьэлэмэтым и тхыдэ нэщэнэу бзэм къыхыхьауэ щытащ «стахановец» псалъэри.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм щIалэгъуалэм я махуэр щаIэт махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэхэр щигъуэтурэ къекIуэкIащ. 2023 гъэм и накъыгъэм УФ-м и Президентым къыдигъэкIа къэрал унафэм ипкъ иткIэ, махуэшхуэр гъэлъэпIэныр траухуащ мэкъуауэгъуэм и иужьрей щэбэтым. Мы гъэм илъэс ещанэ мэхъури, абы дытету догъэлъапIэ Урысей щIалэгъуалэм я махуэр.

Сыт хуэдэ зэмани ди къэралым гулъытэшхуэ яхуещI щIалэгъуалэм, ар иригъэкIуэкI политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хилъытэу. НэгъуэщIуи хъунукъым, сыту жыпIэмэ жылагъуэм щыщу щIалэгъуалэр къаруушхуэрэ жыджэрагъэрэ зыхэлъ Iыхьэшхуэщи, жэрдэмыщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ я къигъэхъуапIэщи, зыужьыныгъэм и джэлэс нэхъыщхьэхэм ящыщщи. Къызэрыгуэкl ныбжьыщIэу къытщыхъум нобэ бгъэдэтлъхьэ гъэсэныгъэмрэ едгъэгъуэт щIэныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ ди къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм игъэува дунейпсо мардэхэм ятепщIыхьмэ, зи щIалэгъуэхэм хабжэ зи ныбжьыр илъэс 24-м нэмысахэр. Ди къэралым апхуэдэхэм халъытэ илъэс 14 - 35-м итхэр. Абыхэм папщIэ къэрал программэ хэхахэр, лъэпкъ проектхэр мэлажьэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къызэрагъэпэщ.



Урысей щIалэгъуалэм я махуэм Аруан щIыналъэм, хабзэ хъуауэ, щагъэлъапIэ еджэным, лэжьыгъэм, жылагъуэ Iуэхум къыхэжаныкIхэр.

Зи щIалэгъуэхэм я жыджэрагъым, зэхэщIыкIым, гупсысэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI ди республикэми. ЩIыналъэ, щIыпIэ администрацэхэм хэхауэ щолэжь а Iуэхугъуэхэм. Илъэси 4 ипэкIэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ щхьэхуэ (министрыр Лу Азэмэтщ). Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ инхэм халъытэу, Налшык ЩIалэгъуалэм я унэ къыщызэIуахащ. «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ къызэрагъэпэща IуэхущIапIэм нобэ щолажьэ творческэ мастерской зэмылIэужьыгъуэхэр, тхыдэ, хэкупсэ клубхэр, зэпсэлъапIэрэ зэIущIапIэуи куэд иIэщ. Ди республикэм зи щIалэгъуэу исхэм папщIэ зи бжэхэр хуиту зэIуха а жылагъуэ фондым йокIуалIэ зи еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ къэзызыгъэнэIуэну хуейхэр, зи проектхэмрэ нэгъуэщI творческэ лэжьыгъэхэмрэ утыкухэм изыхьэу пхызыгъэкIыну хущIэкъухэр. Шэч хэмылъу, а псори хуэгъэпсащ гупсысэ узыншэ зиIэ щIалэгъуалэм гъуэгу етыным, ди щIыналъэм, къэралым зыужьыныгъэрэ зэпэщыныгъэрэ яIэным.

ИпэкIэ зэи къэмыхъуауэ, Урысей щIалэгъуалэм я махуэр гъэлъэпIэным мы гъэм жыджэру хэтщ къэралым и щIыналъэ псори, ар Iэтыным дэтхэнэми и Iыхьэ хилъхьэу. Ди республикэр къапщтэмэ, «ХъуэпсапIэ. Гушхуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» урысейпсо махуэшхуэ къыхуеджэныгъэм щIэту, Налшыки щIыналъэм хиубыдэ адрей къалэшхуэхэми нобэ къыщызэрагъэпэщ а унэтIыныгъэхэм хуэкIуэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр, мастер-класс гъэщIэгъуэнхэр.

Къэралпсо къыхуеджэныгъэм хэт дэтхэнэ псалъэми хуэщIа утыку хэхахэм лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щызэфIах. Зи щIалэгъуэхэр зэхуэсхэм хэтхэм ядэгуэшэнущ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ, езыхэми щIэ куэд къащIэнущ. Къинэмыщlауэ, СВО-м и ветеранхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэхуэзэ пшыхь купщIафIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ щIыналъэхэм, щэнхабзэ зэIущIэхэр щекIуэкIынущ.

Хьэлэмэту яубзыхуащ «Адэ-анэм яхуэгъэза фIыщIэ псалъэ» фIэщыгъэр зиIэ Iыхьэри. Абы къриубыдэу фIыщIэ хуащIынущ щIэблэфI зыгъэса адэ-анэхэм, лъэужьыфIэ хъуа унэтIакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, IэщIагъэлIхэм. ФIы куэдым я къежьапIэр нэхъыжьхэрауэ зэрыщытым зи щIалэгъуэхэр ирегъэгупсыс а Iуэхугъуэм.

ИпэжыпIэкIэ, ди къэралышхуэм къитаджэ щIэблэхэр, лъэпкъхэр, щIыналъэхэр зэкъуэзыгъэувэщ нобэ, мэкъуауэгъуэм и 27-м, ди къэралым щыдгъэлъапIэ махуэщIыр. Зи щIалэгъуэхэм ябгъэдэлъ гупсысэхэр фIым, зыужьыныгъэм, лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуэгъэпсауэ щытыным адэкIи щыпащэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрми зэрыщыту Урысей Федерацэми. Къэрал унафэщIхэм, дэ, нэхъыжьхэм, ди къалэнщ къытщIэхъуэ щIэблэм, щIалэгъуалэм я гупсысэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ зезыгъэузэщI, фIымрэ пэжымрэ къыхуезыджэ гъуазэхэр наIуэ ящытщIыну, щапхъэу едгъэлъагъуну. Ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр хьэкъщ.

Нобэрей махуэшхуэр зыхуэгъэпса, къэкIуэнур зей, зи дуней тетыгъуэ щIалэгъуалэр, ныбжьыщIэхэр фыкъыхудоджэ щIэх дыдэу блэлъэтыну щIалэгъуэ илъэсхэр зэрыхъукIэ купщIафIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ ефхьэкIыну. Иджыпсту фызэрыт зэманыр IэмалищIэхэмрэ хэкIыпIэ куэдрэ къыфхуэзэIузыхщи, фи зэфIэкIым, акъылым, щIэныгъэм, къарум зэрыхэвгъэхъуэным фыхущIэкъу. Гушхуэныгъэ фхэлъу зыхуэвгъэувыж къалэнышхуэхэр, ахэр зэрывгъэзэщIэнми ерыщу яужь фит. А псомкIи нобэ зыIэрывгъэхьэ ехъулIэныгъэхэраш пщэдейрей гъащIэм шэсыпIэ щыфхуэхъунур. Ерыщагъ фхэлъу, къикIуэт фымыщIэу фыхуэкIуэ фи мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ. «Хьет!» жевгъэIэ!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Хэкум сыхуолажьэ

**«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондымрэ «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэмрэ ирагъэжьащ «Хэкум сыхуолажьэ» урысейпсо акцэр. Ар езыгъэкIуэкIыр дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ зэуапIэ губгъуэм щыIэ сэлэтхэмрэщ. Акцэм къриубыдэу ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэ псори «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщ. Абы и мурад нэхъыщхьэр дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр щIалэгъуалэм ирагъэцIыхуныршщ, пщIэ хуащIыныршщ, езы лIыхъужьхэри ущииныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хэшэныршщ.**



- «ЩIЭНЫГЪЭ» урысей зэгухьэныгъэм и гъусэу мы гъэм илъэс ещанэ хъуауэ къызыдогъэпэщ ветеранхэмрэ ди къэралым щIалэгъуалэу исымрэ зэзышалIэ, зэпызыщIэ проектыр. «Хэкум сыхуолажьэ» Iуэхум Iэмал къет лIыхъужьым къикIуа гъуэгуанэр, абы и Iуэху еплъыкIэр, и гупсысэкIэр къыдэкIуэтей щIэблэм я деж нихьэсыну, гъуэгу пэжым тригъэувэну. Апхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ екIуэкIмэ, шэч хэлъкъым жылагъуэм и зэкъуэтыныгъэм и лъабжьэр нэхъри зэригъэбыдэнум, уасэ зимыIэ лъапIэныгъэхэр къытщIэхъуэ щIэблэм зэрабгъэдэтлъхьэфынум. ЛIыхъужьхэм къаIуэтэж хъыбархэр гурэ псэкIэ щIалэгъуалэм зэрызыхащIэр ди нэгу щIокI. А зэIущIэхэр Урысей псом и еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ ягу зэрынэсыр, зэрыхуэпабгъэр, я упщIэ куэдым жэуап зэрыщагъуэтыр, зэпсэлъэныгъэ зэIухам щIэупщIэ зэриIэр долъагъу, - жиIащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ - статс-секретарь, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и унафэщI Цивилевэ Аннэ.

Апхуэдэ зэIущIэхэм дзэ Iуэху хэхам щыIахэр щытопсэлъыхь къэралым къулыкъу хуэщIэным и мыхьэнэм, абы и пащхьэ цIыхум щихь жэуаплыныгъэм, СВО-м щыIэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, дзэ, граждан IэнатIэхэм щагъэзащIэ къалэнхэм, абыкIэ зауэ зэфIэкIхэр хуабжьу къызэрысэбэпым.

ЛIыхъужьхэр дяпэкIэ ныбжьыщIэхэм щаIущIэнущ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щагъакIуэ щIыпIэхэми.

ЩIалэгъуалэм я хэкупсэ лъапIэныгъэхэр игъэбыдэн мурадкIэ, езым къикIуа гъуэгуанэр и щапхъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэIущIэхэр щрегъэкIуэкI СВО-м и ветеран, «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и лектор ПщыхьэщIэ Ахьмэд. Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI зэпсэлъэныгъэм япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ зыкъыщызэкъуах щIалэхэми. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ дзэ Iуэху хэхам епха псори. Хэкупсагъэм, нобэ Iэщэ яIыгъыу ди къэралыр зыхъумэхэм, тылым щыIэхэм я дэIэпыкъуныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм, «зауэ зэкъуэшыныгъэм» и мыхьэнэм яхутопсэлъыхь Ахьмэд.

2024 гъэ лъандэрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм апхуэдэ узэщIыныгъэ зэIущIэу 100-м щIигъу щекIуэкIащ.

«Хэкум ухуэлэжьэныр къалэн къудейкъым, ар дэтхэнэми ди пщэм дэлъ щIыхьымрэ жэуаплыныгъэмрэщ. Гугъуехь пхыкIа дэтхэнэми ещIэ зи гъащIэ гъуэгур щIэзыдзагъащIэхэм ябгъурытыным, ядэIэпыкъуным, унэтIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Ди хъыбархэмкIэ ныбжьыщIэхэм дащIыдэгуашэр лIыгъэм тедгъэгушхуэн, лъэщагъыр зэкъуэтыныгъэмрэ Хэкум хуэпэжынымрэ зэрыарар захедгъэщIэн папщIэщ. Ди щIалэгъуалэр Урысейм и къэкIуэнуращ, ахэращ ди пщэдейр зыухуэнур, абы къыхэкIыу, зауэ губгъуэм ди псэ демыблэжу щытхъумэ лъапIэныгъэхэр къагурыдгъэIуэн хуейщ. ЛIыхъужь псоми иращIэ Хэкур хъумэным хуащI хэлъхьэныгъэр зы пщалъэкIи къызэрыпхуэмылъытэнур, мамыр гъащIэм щыпсэухэм абыкIэ защIэдгъэкъуэну дызэрыхьэзырыр», - жиIащ СВО-м и ветеран ПщыхьэщIэ Ахьмэд.

«Хэкум сыхуолажьэ» урысейпсо Iуэхур 2024 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондымрэ «ЩIэныгъэ» зэгухьэныгъэмрэ. А зэманым къриубыдэу зэIущIэ 1300-м нэблагъэ къызэрагъэпэщащ. Жэрдэмыр даIыгъри, лектор къалэныр ягъэзэщIэну гукъыдэж ящIащ дзэ операцэ хэхам хэта, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым щылажьэ ветеран 300-м щIигъу.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъазым, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Фырэ Руслан псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут**

# Гъуазджэри къэрал къулыкъури зэдэзыхьыфа

**Щэнхабзэм щекIуэкI щэху телъыджэхэр псэкIэ зыхэзыщIа цIыхур икIи къулыкъущIэмэ, и сэбэп ирегъэкI гъуазджэми къулыкъуми. Апхуэдэт Фырэ Руслан. Ар 1951 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэр 1975 гъэм Москва къыщиухащ. Ар театрым ехъулIэныгъэ иIэу щылажьэу, гупым къыхашри, къэрал къулыкъу зэхуэмыдэхэм пэрытащ: КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, КъБР-м курортхэмрэ туризмымкIэ и министр, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ къэрал Къэбэрдей драмэ театрым и унафэщI IэнатIэхэр иIыгъащ.**

ТЕАТРЕПЛЪХЭМ я гум дыхьэу игъэуващ спектакль куэд. Фырэм «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», «Уэшх зыщэ», «Кукарача», «Унэ лъапIэ», нэгъуэщI и режиссёр лэжьыгъэхэми щыпхишащ гъащIэм къигъэув упщIэ нэхъыщхьэхэм япэджэж гупсысэхэр. Езыр екIуу щыджэгуащ «Лакумы по- чегемски», «По следам Карабаира», «Вершины не спят», «Кольцо старого шейха», «Черкес», нэгъуэщI фильмхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Абхъазым я щIыхь тхылъхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъазым, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэр, «Зэныбжьэгъугъэм и орденыр» къыхуагъэфэщауэ щытащ Фырэ Руслан.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщI къулыкъурт иужьу зыпэрытари, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Театрым и лэжьакIуэхэм я гум илъщ фIыкIэ, игъэува спектаклхэм щыщыджэгукIэ, Руслан и псалъэхэр ягу къагъэкIыж, къаритауэ щыта чэнджэщхэри я Iэдэжщ. Зи шыфэлIыфэр, гупсысэхэр, зыIыгъыкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр щапхъэу щыта Фырэ Руслан и фэеплъым иIэнукъым пIалъэ. Къыдэлэжьахэм я гукъэкIыж хуабэхэри щыхьэт тохъуэ абы.



**ГЪУЭТ Синэ.**

# Илъэсищэм зэ къалъхуу аращ апхуэдэхэр

**Фырэ Руслан хуэдэ цIыху илъэсищэм зэ къалъхуу аращ. ЦIыху хэтыкIэ ищIэрт, лэжьыгъэкIэ сыт щыгъуи гуащIафIэт. Сэ адыгэ театрым сыкъэзышауэ щытар Русланщ, илъэс куэдкIи дызэдэлэжьащ, дызэдэлэжьэхуи ар щапхъэ схуэхъуащ.**

РУСЛАН къытхилъхьэри, театрым къытхуигъэнащ хабзэ дахэ куэд, зэхущытыкIэ гуапэ. ЖыпIэнурамэ, сэ куэдым сыхуигъэсащ, театр дунейм и зыхэщIэкIэр къызгуригъэIуащ. Руслан игъэувыну зыщIэхъуэпсу зыхунэмыса зы спектакли дымыгъэуву къэдгъэнакъым. Дунейм щехыжам щегъэжьауэ, ди театрым мэкъуауэгъуэ мазэр Руслан щыхухэтхащ. Мэкъуауэгъуэм и 24-р къыщалъхуа махуэщи, мазэм къриубыдэу езым игъэува спектаклхэр догъэлъагъуэ. Мис а и лэжьыгъэхэм абы и псэр щызыхыдощIэ, сыту жыпIэмэ, гурэ псэкIэ зэмыгугъуа спектакль хэткъым къытхуигъэнахэм. АтIэ и псэр тщIыгъуу зыхэтщIэхукIи, нэхъри дытогушхуэ къетхьэжьэ Iуэхум. Руслан и лэжьыгъэхэр ди театрым дежкIэ хъугъуэфIыгъуэшхуэщ. Дэри ди гум дохьэ, театреплъхэри дехьэх. Егъэлеяуэ дыхуэныкъуэщ. Дыхуэарэзыщ, ди гум сыт щыгъуи илъынущ.

**ПАЩТЫ Иринэ,**
*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщI.*

# Узыгъэгупсысэ режиссёрт

**Егъэлеяуэ цIыху щэджащэу къызолъытэ** *(къэслъытэу щытащ схужыIэркъым).* **И зэчийм лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэрт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэр къызэрытлъытэфынкIэ хъуну мардэ гуэри щыIэу къыщIэкIынукъым, апхуэдизу купщIафIэу а Iуэхухэм пэрытащи. Ноби Руслан къулей ещI ди щэнхабзэ дунейр - абы къигупсыса фестивалхэр гъэ къэс йокIуэкI, игъэува спектаклхэм цIыхухэр йоплъ, и псэлъафэхэмрэ и чэнджэщхэмрэ дэ - театрым и лэжьакIуэхэм - ди гум илъщ.**

ПАШЭ зыхужаIэм хуэдэ лIы щыпкъэти, республикэм щэнхабзэмкIэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьащ пщIэрэ щIыхьрэ иIэу. Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр и нэIэ щыщIэтам илэжьар сыт и уасэ! И плъэкIэ къудейм дыфIэлIыкIырт, апхуэдизу пщIэ хуэтщIырти. А пщIэр езым къилэжьыжат и цIыхугъэрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ. Фырэ Руслан игъэува спектаклхэм куэдрэ сытепсэлъыхьыфынущ, ауэ мы зыр къыхэзгъэщынщ: дэтхэнэ и спектаклми псэ хэлъщ. «ХьэжьэIужьэ», «Унэ лъапIэ», «ИугъащIэ лъагъуныгъэм», «Уэшх зыщэ», нэгъуэщIхэми сыхэтащ гурэ псэкIэ зыхэсщIэрэ, джэгугъуэ къэс си гъащIэм щыщ хъууэ. Узыгъэгупсысэ режиссёрт. Пьесэм дытепсэлъыхьыну, ди еплъыкIэр къэдгъэлъэгъуэну Iэмал къыдитырт, актёрым къигъэсэбэп хъуну бгъэдыхьэкIэхэм дыхигъаплъэрт. Зы мардэ гуэрым уримыгъэувэу, артистымрэ режиссёрымрэ я зэдэлэжьэкIэ къызэрымыкIуэм и щапхъэ игъэлъагъуэрт. Уэ уи еплъыкIэри зэригъащIэрти, езым и еплъыкIэми егупсысыгъуэ уригъахуэрт. Iэмал имыIэуи гупсысэ телъыджэ гуэр къыхэбгъуатэрт абы къуит чэнджэщым. А гупсысэр езым щхьэтечауэ къыбжимыIэу, уи акъылыр абы хуишэрт IэмалкIэ. Утыкум фэрыщIагъэу ущыджэгуу фIэфIтэкъым, уи гум зызэримыщIу угуфIэу, удыхьэшхыу, Iупщ Iэ е нэщхъ пщIыуэ, театреплъым и фIэщ умыхъун хуэдэу гъынэпцI зыпщIу идэртэкъым. ЗыхэщIэ куу къыщыбгъэлъагъуэр фIэфIт. «Уэшх зыщэ» спектаклым Лизи и ролыр щызгъэзащIэрти, репетицэ тщIыху, илъэс ныкъуэкIэ сигъэгъауэ щытащ. «Тэмэму» сымыгъмэ, и фIэщ сыхъуртэкъым. ФIыщIэшхуэ хузощI, сыхуэарэзыщ, егъэлеяуэ сыхуозэш. Сыту куэд къысхилъхьа, сыту куэдым сыхуигъэса, сыту иджыри куэдым сыхуигъэсэфынут! Нобэ зыщIыпIэ сынэсамэ,зыгуэр схузэфIэкIамэ, Фырэ Руслан и фIыгъэшхуэ хэлъщ.

**ЧЫХУМАХУЭ ФатIимэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ.*




**Къэбэрдей къэрал драмэ театрым игъэува «Кукарача» спектаклыр Москва щагъэлъэгъуащ.**

# Псалъэншэу дызэгурыIуэрт

**Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэм дыщыщIэса зэманым дызэрыцIыхуауэ щатащ Фырэ Русланрэ сэрэ. Футбол дыджэгурт, уэрэд жытIэрт, гитарэ деуэрт дызэгъусэу, дызэгурыIуэрт.**

РУСЛАН режиссурэм нэхъ зриту щIидзащ хуэмурэ. ЕщанэеплIанэ курсхэм театр теплъэгъуэхэр къигупсысрэ игъэуву хъуат. Япэ дыдэу Москва щигъэувауэ щытащ француз драматург Фермо Мишель и «Двери хлопают» комедием къытрищIыкIа теплъэгъуэр. Абы адэм и ролыр щызгъэзэщIат сэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми щыдгъэлъэгъуащ пьесэр щытхъу иIэу. Дзэ къулыкъур зэфIэдгъэкIа нэужь, Руслан режиссурэм хуеджэжащ илъэситIкIэ. Молдован усакIуэ, тхакIуэ Друцэ Ион и «Святая святых» пьесэр игъэувауэ щытащ ар къыщиухым. Абыи сфIэфIу сыщыджэгуащ. Толстой Алексей и тхыгъэр и лъабжьэу Руслан игъэувауэ щыта «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым Грозный Иван и ролыр щызгъэзэщIащ. Зыкъомрэ дгъэлъэгъуащ ар, иужьым сэри ныбжь сиIэ хъуат, Марие и ролыр зыгъэзэщIа Хьэмыку Жанни ныбжькIэ хуэкIуэжыртэкъыми, спектаклыр хэдгъэкIыжащ репертуарым. Зэман дэкIауэ, ар гъэувыжын хуейуэ къэслъытат, ди тхыдэт, ди гъащIэти. Дыхуейт нэхъыбэм ар ялъагъуну. Фырэ Руслан абы щыгъуэ щэнхабзэмкIэ министру лажьэрти, селъэIуащ игъэувыжыну, нэхъ щIалэIуэу актёритIи хуэзгъэлъэгъуащ, ролхэр яхуэгъэзэщIэну къысщыхъуу. Руслан Грознэм и ролыр къысхуригъэкIуэтэкIыжауэ щытащ аргуэру. ЕтIуанэу спектаклыр щыдгъэувам, пэжым ухуеймэ, нэгъуэщIу зыхэсщIат лIыхъужьым и гурыгъузхэр - нэхъ къыспкърыхьауэ къыщIэкIынут. Ауэ спектаклыр аргуэру дгъэтIылъыжащ. Сыхуейщ икIи сохъуапсэ спектаклыр ди театрым зэгуэр щагъэувыжыну.

Актёрхэм, тхакIуэхэм фIы дыдэу ядэлажьэрт Руслан. ЦIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ дыдэхэр къиугъуейрт, тхыгъэхэм хэт Iыхьэ нэхъ купщIафIэхэр къыхихырти, теплъэгъуэ бэлыхьхэр къыхищIыкIырт. Грузин тхакIуэ Думбадзе Нодар фIы дыдэу тлъагъурт. Абы и «Кукарача» повестым шыщ пычыгъуэ къыхихщ, езы Думбадзе хуит зыкъригъэщIри, спектакль лъэщ игъэувауэ щытащ. «ИугъащIэ лъагъуныгъэм» жыхуиIэ спектаклыр Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэм къытрищIыкIат. Абы щыгъуэ Алийрэ КIунэрэ я гуащIэилъыгъуэу щыджэгуат теплъэгъуэм, сэри абыхэм сращIалэ цIыкIут. ЕхъулIэныгъэшхуэ зиIа лэжьыгъэщ ар. Адыгэ унагъуэм илъыпхъэ зэхущытыкIэ къыхощ - аращ куэд щIыдихьэхыр. Мухьэмэд къатшэри, игу ирихьарэ щыгуфIыкIыу еплъат. Иджы актёр нэхъ щIалэхэр хэту догъэлъагъуэ а спектаклыр. Иужьу зэдэдгъэувауэ щытащ «Унэ лъапIэ» пьесэр». Зи гугъу сщIахэр щапхъэ зыбжанэщ, Руслан зэлэжьахэр куэд мэхъу.

Фырэ Русланрэ сэрэ апхуэдизкIэ дызэрыщIэрти, зыри жызмыIэ щIыкIэ си еплъыкIэр къыгурыIуэрт, езыми жиIэнкIэ хъунур сщIэрт къыжьэдэкIыным хунэмысу. СхузэфIэкIынур гукIэ ищIэрт. Тыншу дыщIызэдэлэжьэфым иджыри и зы щхьэусыгъуэт дызэджэ тхылъхэмкIэ дызэрызэтехуэри. Ди дуней еплъыкIэр зэщхьэщыкIыу къыщIэкIынутэкъым. Театрым и актёрхэм щадэлажьэм деж, щабэу, дахэ защIэурэ ижыIэм тригъахуэрт ахэр. Епсалъэ, ечэнджэщ хуэдэурэ, езыхэр зыхуэкIуа гупсысэу фIэкIауэ зыхамыщIэурэ, Руслан зэрыхуейм хуэдэу ящIэрт лэжьыгъэр. Ятрикъузэртэкъым, «мыпхуэдэущ зэрыфщIынур» яжриIэртэкъым. Ауэ а къигъэсэбэп Iэмал щабэм къаруушхуэ щIэлът. Актёр, режиссёр IэщIагъэхэм цIыхур пхуегъэсэнукъым нэсу, апхуэдэ зэчийкIэ Тхьэр къыхуэмыупсамэ.

Режиссёрым и лэжьыгъэр гугъущ - зы тхыгъэ спектаклу игъэувыну игу ирилъхьамэ, абы лIыхъужьу хэтынухэр и гупсысэм щызэрегъэзахуэ, ролхэр актёрхэм зэратригуэшэнур и нэгум къыщIегъэхьэ. Абы щыгъуэми асыхьэту дэтхэнэ лIыхъужьми и пIэм йоувэ ар, щхьэж хузэфIэкIынур къипщытэу. Уи еплъыкIэри, актёрхэм я джэгукIэри, тхыгъэм щIэлъ гупсысэри, ар цIыхухэм щIебгъэлъагъум и щхьэусыгъуэри - псори режиссёрым и плIэм докI.

Мы мазэр Фырэ Руслан къыщалъхуа мазэщи, ар дэркIэ лъапIэщ. Ди гум илъщ фIыкIэ, театрым щилэжьар мымащIэми, къыдгурыIуэ иджыри куэд хузэфIэкIыну зэрыщытар.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,**
*УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 29

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 22.55** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МИНУТА ТИШИНЫ» (16+)
**00.05** «Познер» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ВСЕ МОГЛО БЫТЬ ИНАЧЕ» (16+)
**00.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**03.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.40** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «БИМ» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.15** Х/ф «ПРОПАВШИЙ БЕЗ ВЕСТИ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**06.50, 09.15** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.35** Х/ф «ПРОЕКТ «АЛЬФА» (16+)
**11.30, 13.25, 15.05** Т/с «КРОТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «КРОТ» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**22.05** «Слепая зона Вермахта. Анатомия партизанской войны». Д/с. «Брянский узел» (16+)
**22.55** «Слепая зона Вермахта. Анатомия партизанской войны». Д/с. «Смоленский рубеж» (16+)
**23.50** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
**01.35** Х/ф «ЗВЕЗДА» (16+)
**03.20** Т/с «КРОТ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**08.45** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15, 02.00** Неизвестные маршруты России
**11.00** Х/ф «ПЕТЬКА В КОСМОСЕ» (16+)
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Д/ф «Шигирский идол»
**13.25** «90 лет со дня рождения Резо Габриадзе. Эпизоды»
**14.05** «Война Владимира Этуша»
**14.20** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**15.35** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**16.05** Д/ф «Видимое невидимое. Александрина Вигилянская»
**17.15** Д/ф «Роман в камне»
**17.45, 01.15** Исторические концерты
**18.45** Д/ф «Русские. Искусство быть»
**19.45** Главная роль
**20.05** Библейский сюжет
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Д/с «Кино история контрразведки»
**21.30** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**22.45** «Магистр игры»
**23.15** Д/с «Ступени цивилизации»
**00.10** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)

**МАТЧ!**

**06.00, 18.10, 22.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30, 12.40, 18.05** Новости
**09.35** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/16 финала. Трансляция из США (6+)
**11.50** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.45** Футбол. Панама - Англия. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**15.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/16 финала. Трансляция из США (6+)
**17.15** Улетный футбол (12+)
**19.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/16 финала. Прямая трансляция из США
**23.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/16 финала. Трансляция из США (6+)
**01.15** Футбол. Кабо-Верде - Саудовская Аравия. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**03.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/16 финала. Прямая трансляция из Мексики

## Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 30

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 22.55** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МИНУТА ТИШИНЫ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ВСЕ МОГЛО БЫТЬ ИНАЧЕ» (16+)
**00.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**03.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «БИМ» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** Т/с «ПРОПАВШИЙ БЕЗ ВЕСТИ. ВТОРОЕ ДЫХАНИЕ» (16+)
**04.10** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.45, 09.15** Т/с «КРОТ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.40** Х/ф «НЕБЕСНЫЙ ТИХОХОД» (16+)
**11.30, 13.25, 15.05** Т/с «КРОТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «КРОТ» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Улика из прошлого» (16+)
**22.05** «Слепая зона Вермахта. Анатомия партизанской войны». Д/с. «Псковский прорыв» (16+)
**22.55** «Слепая зона Вермахта. Анатомия партизанской войны». Д/с. «Ленинградский заслон» (16+)
**23.50** Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)
**01.30** «Доброе утро»
**03.05** Т/с «КРОТ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**08.45** Д/ф «Роман в камне»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». МэшбащIэ Исхьэкъ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Дынхэу» адыгэ хабзэр къагъэщIэрэщIэж (12+)
**17.30** Дзэ Iуэху хэхам хэта ветеранхэм я махуэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 2**
**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Гъуазджэм и дуней». Ахъмэт Л. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
**17.30** КъБР-м и лъэпкъ проектхэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, бадзэуэгъуэм и 3**
**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Адыгэ лъэпкъым къадекIуэкI IэщIагъэхэм хуагъасэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Мэзло Руслан допсалъэ (12+)
**17.30** Сэралъп Мадинэ теухуауэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 4**
**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** «Тщымыгъупщэн папщIэ». Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Аккиев С. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 5**
**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Кулиев М. допсалъэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 29**
**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуакухъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 30**
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 1**
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 2**
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, бадзэуэгъуэм и 3**
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 4**
*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 5**
**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

# Зэи имылъэгъуа и адэм Iуплъэныр Мухьэрбий и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэт

**ФIым щыгугъыу псэу цIыхубэр игъэхыщIат лъахэм къытепсыха гуауэшхуэм. Нэмыцэ хъунщIакIуэхэр къежьат, ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжу Хэкум и хъугъуэфIыгъуэ псори зыIэрагъэхьэну.**

**ЗылI и быну Хэкум щхьэкIэ зэкъуэува ди лIыхъужьхэм къыIэщIахыжащ ди щIыгур зыубыдыну хэта хьэкIэкхъуэкIэхэм. А зауэ гущIэгъуншэм куэдым я щхьэ халъхьащ, сабиигъуэ зымылъагъуу къэхъуа ныбжьыщIэхэри мащIэкъым. Зи адэ, адэ къуэш зымылъэгъуахэри гъунэжщ. ГъащIэ хьэлъэм псэ зыпылъхьэпIэм иригъэтащ сабий хейхэр, язынықъуэхэри къелакъым.**

**Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хьэджэфаджэ ящIа ди къуажэхэр, къалэхэр зэтрагъэувэжащ зи Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыда ныбжьыщIэхэм, зауэм къикIыжа нэхъыжь закъуэтIакъуэм, фызабэу къэнахэм. Зи сабиигъуэр а зэман хьэлъэм хиубыдахэм ящыщщ Аруан районым хыхьэ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэс Джэдгъэф Мухьэрбий, лэжьыгъэм и ветераныр.**

**НэхъыжьыфIым къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ:**



**• Зауэм и бынхэр**

- Си адэ Залымджэрийрэ и къуэш нэхъыжь Мухьэмэдрэ, пасэу, ади-ани ямыIэжу, зеиншэу къыщцынэм, си адэм и адэ къуэш Гъиса зришалIэри, и бынхэм ядипIащ.

Залымджэрий къуажэ колхозым жыджэру, фIэщхъуныгъэ хэлъу, щапхъэу къагъэлъагъуэу яхэтащ щIалэгъуалэ зэдэлажьэм. Абы и щыхьэтщ илъэс 18 ныбжьым иту накъыгъэ мазэм 1931 гъэм комсомолым зэрыхагъэхьар, ар щIыхьышхуэт. А зэманым шыгу зэщIэщIам ису колхозым щылэжьащ. Абы щыгъуэ жаIэу щытащ: «Еджэ шырылажьэ, еджар гъэсауэ мэлажьэ». Ар сыцIыкIуу си гум изубыдахэм ящыщщ.

Зи къэшэгъуэ хъуа си адэм щхьэгъусэ хуэхъуащ Старэ Шэрэдж къуажэм щыщ КIэфо Исмел ипхъу Тамарэ. Си анэ Тамарэ жыджэру зэрылажьэм гу къылъатэри, 1931 гъэм Орджоникидзе ягъэкIуат, колхозхэт бзылъхугъэхэм папщIэ къызэрагъэпэща дерсхэр къиухын хуейуэ. Ауэ и анэ Мадинэ (Псыгуэнсу Журтхэ япхъущ) зэуэзэпсэу дунейм и щIалэгъуэу щехыжым, Тамарэ и нэр къызыхуикI еджэныр и кIэм нимыгъэсу къэкIуэжын хуей хъуащ.

Си анэр, апхуэдэ гуауэ и нэгу щIэкIами, пашэхэм ящыщу лэжьащ, зауэр къэхъеиху.

Сэ ныбэ силъу сыкъанэри, си адэр Хэкур зыхъумэну тэджахэм яхыхьащ. Зауэр къыщыхъея илъэс дыдэм фокIадэм и 23-м сыкъалъхуащ. Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми сыIуплъащэрэт си адэм, жысIэу си гъащIэр схьащ.

Хэкур зэзыпхъуэну къежьа хьэкIэкхъуэкIэхэр ирахужьэжыну тэджащ зи къару илъыгъуэу, щIалэ къуданхэу ди къуажэм щыщ цIыху 250-рэ, си адэри яхэту. Абы щыщу 92-м къагъэзэжауэ аращ. Зауэм Iухьэну щIалэхэр щыдэкIым, мы псалъэхэр хэту ясауэ щыта уэрэдыр жаIэжу зэхэсхыжауэ сощIэж: «...Зауэ гуащIэм гъащIэ лъапIэр сIэщIихмэ, лъагъуныгъэр уэ фэеплъ пхурехъу». А зэман хьэлъэм фызабэ куэдым лъагъуныгъэр фэеплъу къахуэнащ. Зи щхьэгъусэ зыщхьэщымытыж цIыхубзхэм сыт ящIэнт, я бгыр щIакъуэри, я бынхэмрэ езыхэмрэ зэдэIэпыкъуурэ гъащIэм къыдекIуэкIащ.

«Гуауэр и закъуэ къакIуэркъым», жаIэ. 1944 гъэм Шэрэдж псым и нэпкъыр гуэхури, псы къиуам ди унэр ихьауэ щытащ. Си анэмрэ сэрэ егъэзыпIэншэу, дызыщIэсын димыIэу дыкъэнат. Абы щыгъуэ зэманыр дапхуэдэу хьэлъами, цIыхухэр зэхуэгуапэт, зэдэIэпыкъурт, зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэухэрт.

Унэншэу дыкъыщцынэм, си анэм хуэдэу фызабэ ГъуэплъащIэ Хъанизэт дызришэлIащ, абыи зы сабийт иIэр. Зы унагъуэм хуэдэу илъэсищкIэ дызэдэпсэуащ унагъуэ дызыхэзыгъэтIысхьамрэ дэрэ. Зауэ гущIэгъуншэр иуха нэужь, си анэм и адэ Исмел чы-бжэгъу бжыхьым къыхищIыкIри, бгъэныщхьэ унэ тIэкIу тхуищIауэ щытащ. Ар ятIагъуэкIэ си анэм зэрихьэри, 1946 гъэм дыщIэтIысхьэжат. Бгъэныщхьэ унэм дыщIэсурэ си анэм ятIэ чырбыш зэрыхузэфIэкIым хуэдэу игъэжри, си адэшхуэр унэ щIыным хуэIэкIуэлъакIуэти, пэш цIыкIуищ тхуищIащ. ДызыщIэсынкIэ тIуэтэжауэ убж хъунут, ауэ зэманыр хьэлъэт. Абы щыгъуэ фызабэ тхьэмыщкIэхэм я фэм дэкIар, нобэрей щIалэгъуалэм нэбгъузкIэ Тхьэм яримыгъэлъагъукIэ.

Си анэ гу щабэм сырибын закъуэт, фызабэ тхьэмыщкIэм сыригугъапIэт. Сэ сабиигъуэ IэфIым пасэу сыпыкIащ. ГъащIэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм Iуэху куэдым хуэIэижь сищIащ, Iэмалыншагъэм къыхэкIыу. Мыхъуапсэу псэу щыIэкъым. Си сабиигъуэм хъуэпсапIэу сиIар сымылъэгъуа си адэм зэ сыIуплъэнырщ.

Бжьыхьэм, Шэрэдж псыр нэхъ мащIэ щыхъум деж, къуажэм дэс лIыжьхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэгъусэу пхъэ закъуэ лъэмыж тралъхьэрт. Лъэмыжыр сэбэп хуабжьу къуажэдэсхэм къытхуэхъурт. Абдежым пэмыжыжьэу иIэ мэзым дыкIуэрти, къытхуэхьынум хуэдиз пхъэгъэсын зэкIуэцIыпхауэ ди дамащхьэм телъу къэтхьырт. КъинэмыщIауэ, Дохъушыкъуей станцым (Нарткъалэ), бэзэрым дыкIуэрт. Си анэм сригъусэу, лъэсырыкIуэу ди хадэм къитха къэкIыгъэхэр дамэрыхьу тщэну тхьырт, къыщIэкIа тIэкIумкIэ дызыхуэныкъуэ гуэрхэр къэтщэхурт.

А бэзэрым гухэщIу щыслъэгъауэ щытар иджыпсту хуэдэу си нэгу щIэтщ. ЩIалэ цIыкIу гуэр бэзэрым кIийуэ тетт, «кому воды холодной», жиIэу. Псы ищэмэ, ишхын тIэкIу къищэхурт сабийм. Апхуэдэуи гур зыгъэузт зи лъакъуитIыр пымытыжу зауэм къикIыжа лIыр, шэрхъ цIыкIуиплI щIэлъу пхъэбгъу плIимэ тIэкIум тепхауэ, пхъэ кIапэ тIэкIукIэ щIым еIунщIурэ зыхуеймкIэ зигъажэу тлъагъур. Хэт сыт къритми, къыIихырт, ар сыту гукъутэт плъагъуну.

Зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм, техникэр къазэремэщIэкIым къыхэкIыу, вырэ шырэ пхъэIэщэм щIэщIауэ цIыхухэм колхоз губгъуэр явэрт, унагъуэ жэмхэри щыхагъэхьи куэдрэ къэхъурт. Гъэмахуэм школым дыкъаутIыпща нэужь, колхозым сыщылажьэрт, нэхъыжьхэм срадэIэпыкъуэгъуу.

1962 гъэм курыт еджапIэр къэзухащ. «IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ гъащIэ гъуэмылэщ», жаIэ. Ар си анэм фIы дыдэу къыгурыIуэрти, зэризакъуэри зэрыдэIэпыкъуэгъуншэри къимылъытэу, Кострома къалэм дэт мэкъумэш институтым сигъэкIуащ. Ар 1967 гъэм фIы дыдэу къэзухри, къуажэм къэзгъэзэжащ, зоотехникыу лэжьэн щIэздзащ. Комсомол организацэм пропагандисту сыхэтащ япэщIыкIэ, итIанэ, 1970 гъэм, Аруан районым и комсомол организацэм и япэ секретару сыхахащ. Абы иужькIэ партым и райкомым сыщылэжьащ. 1981 гъэм Аруан районым и мэкъумэшыщIэхэм я профсоюзым и унафэщIу сыхахри, илъэс тIощIрэ хыкIэ а лэжьыгъэм сыпэрытащ.

Анэкъилъху зиIэм сехъуапсэу сыпсэуащ, жьыгъэри къыскIэлъысащ. Ауэ си къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэм гугъуехьу стелъамрэ бэлыхьу сшэчамрэ сщагъэгъупщэ, жьыгъэр шэчыгъуафIэ сщащI, - жеIэ Мухьэрбий.

Джэдгъэф Мухьэрбийрэ Лалуцэрэ (Къэгъэзэжхэ япхъущ) бынищ зэдапIащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ. НэхъыжьыфIым дохъуэхъу быным я быныжхэм я гуфIэгъуэ илъагъуу куэдрэ Джэдгъэфхэ я жьантIэм дэсыну!

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАНКЪУЛ Раисэщ.**

**• УФСБ-м къет**

## Яубыдахэр къэзылъыхъуэхэм Iэрагъэхьащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей МВД-м и ВОГОиП-м, Минераловодскэ таможнэм зэщIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8 - 14-м щрагъэкIуэкIащ хабзэншагъэкIэ Iэщэрэ наркотикхэмрэ игъэкIыным, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным пыщIа, апхуэдэуи къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр.**

АБЫ къриубыдэу къытрахащ ягъауэ Iэщэу 2, Iэщэм и шэ зэхуэмыдэхэу 26-рэ, наркотикхэкI грамм 208-рэ, маркэхэр зытемылъ тутынхэкI зэрылъхэу мини 6-рэ спиртхэкI литр 430-рэ. Яубыдащ федеральнэ щIыналъэм къыщалъыхъуэ цIыхуи 7, дунейм къыщалъыхъуэу зы.

ИрагъэкIуэкIа рейдхэм кърикIуахэмкIэ уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и УК-м и 222, 228, 234, 171.1 статьяхэм къыщцыхьа щIэпхъаджагъэхэм япкъ иткIэ, яубыдахэр къэзылъыхъуэхэм Iэрагъэхьащ.

## Илъэсипщ Iым нэс къыпоплъэ

**Налшык къалэм и пощт зэпыщIэныгъэ къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, абы езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ зи унафэщI IуэхущIапIэм и балансым илъ ахъшэр.

Урысейм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

**«Лэжьыгъэм и шынагъуэншагъэмрэ ар хъума зэрыхъунумрэ» (БИОТ 2026) и фIэщыгъэу, Мэкуу щэкIуэгъуэм и 17-20-хэм щекIуэкIынущ Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсышхуэ.**

**• ХъыбарегъащIэ**

# БИОТ 2026 ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ

*ЩекIуэкIыну щIыпIэр:* Мэзкуу дэт гъэлъэгъуапIэ центр «Крокус Экспо», Павильон №1, хьэщIэщхэу №№1, 4.

БИОТ гъэлъэгъуэныгъэр цIыхум зэрызихъумэж Iэмэпсымэхэмрэ лэжьыгъэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщIэ зэманым декIу Iэмалхэмрэ утыку къыщрахьэ утыку нэхъыщхьэщ. Ар иражъэкIуэкI 1992 гъэм щегъэжьауэ. УФ-м и Правительствэм, цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщ зэгухьэныгъэхэм, профсоюзхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм зэращIылIа Зэгурыгъуэныгъэ нэхъыщхьэм апхуэдэ Iэмал къарет.

БИОТ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщ УФ-м Лэжьыгъэм-рэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, Урысейм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм, Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм, зэрызахъумэж Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI «СИЗ» зэгухьэныгъэм.

«СИЗ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Котов Владимир зэрыжиIэмкIэ, мы гъэм екIуэкIыну зэхуэсышхуэм хэхауэ зыщытепсэлъыхьынур цIыхухэр нэхъыбэрэ лэжьэфын папщIэ пщIэ хъунухэрщ.

Зэхуэсышхуэхэм хэтынухэмрэ гъэлъэгъуэныгъэм еплъынухэмрэ махуиплIкIэ екIуэкIын программэ гъэщIэгъуэн къапоплъэ: конференцхэр, семинархэр, уэршэрхэр, узыншагъэм, промышленностым, мафIэсым зыщыхъумэным, экологием теухуа, лэжьыгъэр хъума хъуным хуэгъэпса мастер-классхэр.

IэщIагъэлIхэр тепсэлъыхьынущ къэухь Iэрыщ Iыр Iэмэпсымэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ щагъэлажьэу зэращIыну Iэмалхэм.

БИОТ зэхуэсышхуэмрэ гъэлъэгъуэныгъэмрэ хэтынухэщ Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыщ IуэхущIапIэ инхэр, къэралымрэ щIыналъэ щхьэхуэхэмрэ я унафэщIхэр, хьэрычэтыщIэхэр, энергетик, инженер, технолог нэхъыщхьэхэр, лъэныкъуэ куэдкIэ IэщIагъэлIхэр, къинэмыщIхэр.

БИОТ 2026 гъэлъэгъуэныгъэм къыщызэIуахынущ къэрал зыбжанэм ягъэхьэзыра экспозицэхэр, щIыналъэ щхьэхуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, цIыхум зэрызихъумэж Iэмэпсымэхэр зыгъэхьэзыр IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI хьэпшыпхэр, джэгупIэ, лэжьыгъэ гъэлъэгъуапIэ Iыхьэхэр хэтынущ.

ЩIалэгъуалэр IэщIагъэхэм драгъэхьэхын мурадкIэ, БИОТ зэхуэсышхуэм ЩIалэгъуалэм папщIэ программэ хагъэхьащ: сурэт зэпеуэ, комиксхэмкIэ зэхьэзэхуэ, БИОТАРТ роликхэмкIэ зэпеуэ, БИОТОН чемпионат, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ зэхьэзэхуэ, «Iэмэпсымэ Iущхэр» зыфIаща, цIыхур зэрыбауэ пкъыгъуэхэр зэрахъумэ IэмалхэмкIэ зэпеуэ.

БИОТ-м ухэтыныр пщIэншэщ, фызыщIэупщIэну псоми я жэуап мы сайтым щывгъуэтынущ: https://biot-expo.ru/

Тхыдэ

# Хамэ щIыпIэм щыхэшыпсыхьахэр

***«Адыгэ псалъэм» нобэ щыдихьэщIэщ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, УФ-м и ФСБ-м и полковник Къэзакъ Аслъэн. Тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэщ1экI, адыгэм и блэкIам и напэкIуэцI нэхъ гъэщIэгъуэнхэм яхуэнабдзэгубдзаплъэ щIэныгъэлIыр къызытекIухьар нэхъыфIу зэдгъэцIыхуну зыхуэфащэ адыгэ гуащэхэрщ.***

## Тхыдэм дэхуа напэкIуэцIхэр

«ДИ жагъуэ зэрыхъущи, адыгэхэм ди тхыдэм Iыхьэ щхьэхуэхэр дэхуауэ щытщ. Псоми яцIыхуу къытфIэщI гуэрхэм я цIэр къыдоIуэ зэпыт, ауэ щыхъукIэ, нэхъыбэ зыхуэзэфIэкIа, зыщыбгъэгъупщэну зыхуэмыфащэ, псом хуэмыдэу, хамэ къэрал пащтыхьхэмрэ сулъIанхэмрэ щхьэгъусэ яхуэхъуа гуащэхэр нобэми фIыуэ тцIыхуркъым», - апхуэдэу ирешажьэ Аслъэн ди уэршэр купщIафIэр.

- Псалъэм и хьэтыркIэ, ХьэгъундокъуэЕдыдж ипхъу Елмэсхъан теухуауэ куэд дотх, кино гуэрхэм хэтами, нэгъуэщI къехъулIахэми. Къилэжьащ, шэч хэмылъу, а пщIэр Елмэсхъан, езыри цIыху хъарзынэу дунейм тетащ. И адэри дыщэм хуэдэт. Хъыджэбзым и анэр нэмыцэт. И анэшхуэр урыст. Адыгэлъу Iыхьэ плIанэт хэтыр. Ауэ щыхъукIэ, и адэкIи и анэкIи, и адэшхуэкIи и анэшхуэкIи адыгэ дыдэм къыхэкIауэ, лъэужь дахэ къагъэнауэ, бзылъхугъэ куэд ди лъэпкъым диIащ, я цIэр дымыщIэххэу, ауэ тщыгъупщэну тхуэмыфащэу.

Жэпуэгъуэ революцэм ипэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIауэ адыгэм сыт хуэдиз къахэкIауэ пIэрэ жысIэу сыщыщIэупщIэкIэ, жэуап зыми къызитыфыркъым. Сэ сызыщыгъуазэм ипкъ иткIэ, адыгэ цIыхубзиплI еджагъэшхуэу, цIыхубз щрагъаджэ институтхэр къаухауэ, уеблэмэ абыхэм щылэжьауэ диIащ. Псалъэм папщIэ, Бэрэгъун Еленэ Григорий и пхъум Армавир дэт, Бзылъхугъэхэм папщIэ гимназием щригъэджащ. Адыгэ офицер Мэшыкъуэ Хьэжмэт (Александр) и пхъуитIым - Мариерэ Софиерэ - зым Петроград дэт Елизаветинскэ институтыр, адрейм - Мэзкуу дэт Мариинскэ институтыр къаухат. Псоми тцIыху Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч и адэ шыпхъу Серебряковэ Людмилэ Семён и пхъум Владикавказ дэт «Бгырыс сабийхэм папщIэ еджапIэ» игъэлажьэу щытащ. ЦIыхубз къызэрымыкIуэт ар. Дэ марксизмэр дэзыгъэцIыхур Ленин Владимирщ. АтIэ а Людмилэ Лениныр илъэси 7 фIэкIа щымыхъу зэманым полицэм и нэIэр къытету, марксист жыджэрхэм хабжэрэ къыкIэлъыплъу щытащ. Ахэр зэдгъэщIэн дэнэ къэна, къытебдзэну газетхэм уабгъэдыхьэмэ, яфIэгъэщIэгъуэнкъым, дэ абы дытетхыхьыркъым, жаIэри.

## Адыгэ гуащэхэр

ЩIЭНЫГЪЭЛIЫМ къыздихьа тхыгъэм зи гугъу щищI адыгэ гуащэхэм я цIэхэр, ахэр къызыхэкIа унагъуэхэр, дунейм къыщытехьа-щехыжа гъэхэр, я адыгэцIэр щыдолъагъу. Дэтхэнэ зы Iыхьэми Аслъэн гъэщIэгъуэну топсэлъыхь, хамэ унэ ихьа ди хъыджэбзхэр адрейхэм къахэзыгъэщу щытар къыдгуригъаIуэу. Таблицэ щIыкIэу зэхэгъэува щIэныгъэлIым и лэжьыгъэм нэм нэхъ къыфIэнэу узыщрихьэлIэ Iыхьэщ «жэмхэгъасэ» псалъэащхьэм щIэтыр.

- Адыгэ гуащэр нэгъуэщI къэралыгъуэм щыщ щауэм щыдэкIуэм деж, дэлъху иIэу щытмэ, «жэмхэгъасэ» жаIэри, абы и гъусэу игъакIуэу щытащ пщащэм и адэм, - пещэ Аслъэн и гупсысэм. - Абы и гъусэжу зы дзэ цIыкIу, ар цIыхуи 100 хъункIи хъунт, 50-м щIимыгъункIи хъунт, 1000-м нэблэгъэнри хэлът. Пщым, хъыджэбзым и адэм, хузэфIэкIым теухуауэ къыхахырт а цIыху бжыгъэр. Нэхъыбэм къагъэзэжыртэкъым. Къыщагъэзэжаи къэхъуащ жэмхэгъасэхэм, ауэ здэкIуам яхэшыпсыхьыр нэхъыбэт. И ани и ади къилъхуауэ дэлъху иIэу щытмэ, мо хъыджэбзым къыщхьэщыжын, чэнджэщэгъу иIэн щхьэкIэт щIагъакIуэр ахэр. Сыт хуэдэ къэралым адыгэ гуащэ яшами, псоми дэлъху якIэлъыкIуащ. ПщIэ яIэу, зы къалэ е щIы ирагъэхъумэу, къулыкъу кърату апхуэдэхэт.




## Гюльбахар - Махидевран

1514 гъэм деж къыщрегъажьэ Къэзакъ Аслъэн зи тхыдэм ириплъа гуащэхэм я къебжэкIым. Къанокъуэ Мэхъэшокъуэ ипхъу Гюльбахар, Махидевран цIэмкIэ «ЛIэщIыгъуэ телъыджэ» фильмым къыдигъэцIыхуар, щыпсэуар 1500 - 1581 гъэхэрщ, хуэгъэфэщауэ. Таблицэм къыхощ абы и къуэ Мустэфа (1515 - 1553) и цIэри. Мы нысащIэми жэмхэгъасэу и дэлъхур кIэлъыкIуащ.

- Гуащэ щыхъуа къэралхэм адыгэ пщащэхэм я сэбэпынагъышхуэ екIащ, быныфI ягъэсащ. Мис а «ЛIэщIыгъуэ телъыджэм» къыхощ адыгэ гуащэхэм я бынхэр псэемыблэжу къэралым зэрыхуэлэжьар. Махидевран езыгъэкIуэтэкIа Хьурем-Роксоланэ езым и къуэр пащтыхьу тригъэувэн папщIэ, мы адыгэ гуащэм къилъхуа Мустэфар лъэныкъуэ иригъэзати, сулътIан хъуар ефэреижьыщ дунейм зэрытетари тхыдэм къызэрыхэнари. ИгъащIэкIи зэхуэдэ пхуэмыщIыну, зумыгъэпщэфыну апхуэдэт абырэ Мустэфарэ.

## Алтынчач, Мэлхъурыб, Гуащэней

ИДАР Темрыкъуэ ипхъухэм я цIэхэр зымыщIэ гъуэтыгъуейщ. Урысейм дыпызыщIа хъыджэбз нэхъыщIэм и закъуэтэкъым пащтыхь гуащэ хъуар. Ауэ аракъым Къэзакъым игу къеуэр.

- Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта Гуащэней илъэс 24-рэ фIэкIа мыхъуу дунейм ехыжащ. ФIыщIэ зыхэмылъым пхуэлъхьэнукъым. Къэралыгъуэм а лъэхъэнэм Iейуэ къыщыхъуа псори а хъыджэбз цIыкIум кIэрапхэну хэтщ иджыпсту. Ауэ зэхэгъэкIын хуейр абы и закъуэкъым. Ар зэры-Гуащэнейр тхылъымпIэхэм къыхощыж. Абы шыпхъуитI иIащ, дэ тщIэуэ, нэхъыбами дыщыгъуазэкъым. А тIум я зыр Астрахань хъаныгъуэм и гуащэ хъуат, адрейр нэгъуейт. Мыдрейр Нэгъуей хъаныгъуэшхуэм и тепщэм и щхьэгъусэу щытащ. Астрахань хъаным и цIэр Бекболэтт. Грозный Иван пащтыхьыгъуэм зы илъэскIэ текIауэ щытати, а адыгэ гуащэмрэ Бекболэтымрэ къащIэхъуа щIалэ Симеоным къэралыр зэрихьауэ щытащ. Иджы Гуащэней и адыгэцIэр дощIэ, пащтыхь гуащэу щыта и шыпхъуитIым я цIэхэр тщIэркъым.

**- Алтынчачрэ Мэлхъурыбрэ!**

- Мэлхъурыбри Алтынчачри нэгъуейхэм къыфIаща цIэхэрщ, Гуащэней Марие къызэрыфIащам хуэдэу. АдыгэбзэкIи цIэ яIащ абыхэм. Мис мыбдежым *(къыздихьа тхыгъэм щызэгъэлъагъу* - **Ч. М.** *)* бзылъхугъэ 30 итщи, я адыгэцIэр тщIэуэ тIу е щы яхэтми аращ. Апхуэдизк1э адыгэм тщIэжыпхъэри тщIэжыркъым, тхыбзэ зэрыдимыIам тыдолъхьэ, ауэ къытфIэIуэхупхъэр къытфIэIуэхуркъым. Мыр къыщIыхэстхыкIар цIыхубзхэм яхуэзфIэкIам фIыуэ къыдэкIуам хэтщIыкIын папщIэщ.

## ХьэтIохъущокъуэ Жан - Дондуковэ Верэ

**- ХьэтIохъущокъуэ Жан и цIэр щызолъагъу уи тхыгъэм. Зыгъэ Сэралъп Мадинэ и IуэхущIапIэм зы къалмыкъ щIэныгъэлIрэ модэм елэжь бзылъхугъэрэ къэкIуати, я лъэпкъ фащэм хэт тхыпхъэхэри абы и дахапIэхэри зи Iуэжьырадыгэгуащэрауэзэрыщытыр щыжаIауэ щытащ зэIущIэм.**

- ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ Кургъуокъуэ ипхъут а Жан, абы и тхыдэри дахэ-дахэу тщIэркъым къэбэрдейхэм. Къалмыкъхэр нобэми ныжэбэми хуэарэзыщ абы, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, я лъэпкъым къыхэкIахэм щIэныгъи къулыкъуи ягъуэтауэ щытащ абы и фIыщIэкIэ. Жан и щхьэгъусэу щыта къалмыкъ хъан Дондук-Омбэ дунейм ехыжа нэужь, мыбы и бынхэр хэт генерал, хэти джыназ ящIащ. Езы Жан пащтыхь Елизаветэ и фрейлинэ жыхуаIэм хуэдэу щытащ, и лIыр лIа нэужь. Iуэхуфl куэд илэжьащ Жан.

## Черкезэ Екатеринэ

КЪЭЗАКЪЫМ и тхыгъэм нэхъ узыгъэнэщхъейуэ хэтыр упщIэ нагъыщэхэрщ. Иджы щхужжкъым джылахъэстэнейпщ лъэрызехьэу щыта Алъхъэс Жамырзэ кърым хъанри, перс шахри, къумыкъупщри малъхъэу зэриIар. Иужьрейм къытехъукIащ СулътIан-Мэхьмуд цIэрыIуэри, абы и бынхэу Айдемыр Къэзаналп, Мэхьмуд-Алий сыми. Ауэ щыхъукIэ, а хъыджэбзхэм я цIэ къудейр наIуэкъым, языхэзым жэмхэгъасэу и дэлъху Алъхъэс Мудар зэригъусам фIэкIа.

Нэхъ дыщыгъуазэщ Аббас ЕтIуанэм щхьэгъусэ хуэхъуа Идарыкъуэ Сунчэлей ипхъу Увжытэ и тхыдэм. Сыту жыпIэмэ, а нысашэм дунеяплъэ Олеарий Адэм тетхыхьыжауэ щытащ. Зи тхыдэр нэхъ убгъуа къэралхэм щыбгъуэтынкIи хъунущ адыгэ гуащэхэм я гъащIэ гъуэгур.

- МыдэкIэ дыкъокIуэри, «Молдавское господарство» жеIэри пщыгъуэ щыIащ. Абы иджырей Румыниер, Измаил щIыпIэм и Iэгъуэблагъэр, нобэ Украинэм хиубыдэ Одесскэ областыр, къинэмыщIхэр хыхьэу щытащ. А молдавский господарь Лупу Василий 1630 гъэм и япэ щхьэгъусэр лIа нэужь, етIуанэу къишэн хуей хъуащ. Арати, адыгэ зэшыпхъуитI щыIэт. Зыр кърым хъаным и щхьэгъусэти, абы и шыпхъум лъыхъу хуагъакIуэ, ялъэгъуар ягу ирохь, Тырку пащтыхьым ар къишэну хуит ещI. Мо Лупу Василий и пщыгъуэм чыристан диныр яIыгъ щхьэкIэ, Тыркум я плIэм щIэтти, къашэнуи ирагъэкIыжынуи хуиттэкъым мобыхэм ямыщIэу. И шыпхъур кърым хъаным къиишащ, цIыхубз зэтетщ, уэри хуит узощI абы и шыпхъур къэпшэну жиIэщ тырку сулътIанми, абы щыгъуэ зекIуа ахъшэмкIэ реал 1500-рэ къратуэ щытащ и адэм. Хъыджэбзыр япэщIыкIэ Тыркумкlэ, Кърым лъэныкъуэмкIэ яшэри, итIанэ Молдавием нагъэсыжащ.

А Черкезэ Екатеринэ нэхърэ нэхъ дахэ, нэхъ губзыгъэ, нэхъ быныфI зыгъэса гуащэ Европэм имысауэ жиIэу, Румынием и премьер-министру щыта Йоргэ Николае итхыжащ. Езыр тхыдэджти, премьер-министр хъун ипэ, тхылъиплI-тху триухуауэ щытащ Черкезэ Екатеринэ.

## Иужь упщIэхэр

**- Шэч хэмылъу, дигу хохъуэ «адыгэ хъыджэбзыр мыпхуэдэ сулътIаным ишат, пащтыхь гуащэ хъуат» жытIэну гъуэтыгъуэ дыщихуэм деж. Ноби куэд-рэ зэхыдох «китай щIалэм дэкIуат», «нэмыцэ малъхъэ ягъуэтат», къинэмыщIхэр. Арауэ пIэрэ-тIэ лъэпкъым нэхъ тхузэфIэкIар - фIыуэ гъэса хъыджэбз дахэхэр хамэ лъэпкъхэм зэреттыфыр?**

- ЯПЭРЕЙ зэманымрэ нобэ къекIуэкIымрэ тIэкIу зэтехуэркъым. Нэхъ пасэм адыгэ гуащэ щIашэр, япэрауэ, гъэсэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр, зэрыдахэр, зыщыщ пщыгъуэм зыгуэр зэрыхузэфIэкIыр, езыхэр къыхуей хъумэ, къалэ яхъумэнми къэралым хуэщхьэпэнми къагъэсэбэпын папщIэщ. Абы уигу хэзыгъэщIыпхъэу къикIахэми дытепсэлъыхьащ. Хуэгъэфэщауэ 30-м нэс хъу а адыгэ гуащэхэм я гъусэу а къэрал къомым кIуахэм ящыщу я Хэкум къэзыгъэзэжар мащIэщ. Нэхъыбэр здэкIуам щылIащ. Зэзэмызэххэ я цIэхэм урохьэлIэ. Мес, Черкезэ Екатеринэ къытехъукIагъэхэм я цIэхэм уахуозэ зэзэмызэ. Граждан зауэм къыхощ подполковник Черкез е грузин Черкезишвили, Черкезиани. Ермылыуэ - Черкезиан. Нэхъыбэр апхуэдэу икIыурэ, хамэ щIыпIэм къыщыщIидзауэ аращ. Зы лъэныкъуэкIэ, адыгэм и цIэр ягъэIуу, лIыгъэ зэрахэлъыр нэгъуэщI къэралхэм къыщагъэлъэгъуащ. Ауэ абы адыгэр нэхъ мащIэ ищIырт, а гуащэхэм я гъусэу цIыху бжыгъэшхуэ кIуэхэрти. ХьэтIохъущокъуэ Жан щыдэкIуэм щыгъуэ, къалмыкъхэр тIу зэрищIыкIауэ зэзэуэжхэрти, Жан и щхьэгъусэр Къэбэрдейм къэкIуауэ щытащ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу. Къетыкъуэхэрэ ХьэтIохъущокъуэхэрэ арыншами езыхэр зэрыгъэтыншхэртэкъым. Иджы къалмыкъхэми езэуэн хуей хъури, адыгэ зыкъом хэкIуэдащ, Жан къыщхьэщыжу. Адыгэм и фIыр зэрагъэIум хуэдабзэу, а Iуэхугъуэр лъэпкъым къегуоуащ, куэд хигъэщIащ.

**- Иджыпстуи а щытыкIэ дыдэм димыту пIэрэ?**

- Генофондым елIэлIапхъэщ, лъэпкъ ущыхъукIэ. Еджар, зыгуэр зыхузэфIэкIыр нобэ Эмиратти, Америкэти, Европэти жыхуэпIэхэм макIуэ, куэд дыдэ щыIэщ абыхэм адыгэу.

**- ФымыкIуи яжепIэфынукъым, щхьэж и Iуэху зэрыхуэхъущ...**

- Къагъэзэжми, ягъатхъэркъым. Зыхуеджам, я щIэныгъэм, я къэухым теухуауэ щIэупщIэ яIэкъым, къеныкъуэкъуэхэр я куэдщи, тхъэжу икIыркъым ахэри. Ар адыгэ лъэпкъым дежкIэ фIыуэ пхужыIэнукъым.

*Епсэлъар*

**ЧЭРИМ Марианнэщ.**




● Къуалэбзухэр

# БгъащхъуэкIэху



Мыр къашыргъэ лъэпкъщ. ПIащэщ, килограмми 6-м щIигъу къешэч, теплъэкIэ бгъащхъуэм ещхьщ. Хамэ къэрал куэдым щыIэщ. Мыби и абгъуэр лъагэу Iэтауэ щещI жыгыщхьэхэм, къырхэм. Нэхъыбэу щыболъагъу тенджыз Iуфэхэм, гуэлхэм, псыежэххэм я гъунэгъуу. Я шхыныгъуэр бдзэжьей, псыбабыщ, къазхэкI лIэужьыгъуэхэрщ. Мы къуалэбзур Тхылъ плъыжьым ихуахэм ящыщщ.

● ЖыIэгъуэхэр

# Делэр ныбжькIэ зэхидзыркъым

**♦Адыгагъэр къалэнщ, армыхъумэ Iуэхутхьэбзэкъым.**
**♦Къалэнри Iуэхутхьэбзэм ещхьу елэжь.**
**♦Напэ зимыIэ щыIэкъым, зэдэIуэжыф закъуэмэ.**
**♦Нэмысыр хьэхууи ятыркъым, щIыхуэуи къащтэркъым.**
**♦Ныбэм пэгъунэгъу напэр хъумэгъуейщ.**
**♦Акъылыр иужьреймэ, IэфракIэр дзэкъапIэщ.**
**♦Делэр ныбжькIэ зэхидзыркъым.**
**♦Мылъкур насып пщалъэу щытамэ, зы тхьэмыщкIэ и дыхьэшх макъ дунейм щыIунтэкъым.**
**♦Псалъэмакъыр зы псалъэ закъуэу къожьэ.**
**♦УмыщIэ умыIуатэ жаIамэ, къапщIэ псор Iуэтэж жаIакъым.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Нартыху чыржын

● Шхыныгъуэхэр



Нартыху хужь хьэжыгъэр кхъузанэкIэ яухуэнщIри, тепщэчышхуэм иракIутэ, абы шыгъу тIэкIу зыхэлъ псывэ хакIэурэ бэлагъкIэ япщ. Бахъэ пщтырыр кIуэн щхьэкIэ и щхьэр тепIауэ дакъикъи 10 - 15-кIэ щагъэтщ. ИтIанэ абы гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа фIыуэ щIапщэри, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ сыхьэти 8 - 10-кIэ и щхьэр тепIауэ щIыIапIэм щагъэув.

ЩIымахуэм хупцIынэр щапщыр пщыхьэщхьэрщ, чыржыныр щагъэжьэр пщэдджыжьырщ.

Хьэзыр хъуа хупцIынэр г 150-рэ хъууэ, см 2 и Iувагъыу къыхахыурэ хъурейуэ яупIэпI. Ар тхъу е дагъэ зыщыхуа тебэ къэплъам иралъхьэ зы сатыру, и щхьэр тепIауэ дакъикъэ 12 - 13-кIэ ягъажьэ. АдэкIэ мафIэр цIыкIу ящI, чыржыныр зэрагъэдзэкIри, и щхьэр тепIауэ аргуэру дакъикъи 7 - 8-кIэ ягъажьэ. Чыржын жьам и щхьэр тхъуэплъ дахэщ. Ар тебэм кърахыжри, тепщэчым иралъхьэ, нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ щIауфэри щагъэтщ.

Чыржыныр хуабэуи щIыIэуи яшх. Абы шэ, шатэ, шху, къалмыкъ шей драф.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* нартыху хьэжыгъэу - г 230-рэ, псы къэкъуалъэу - г 400, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз, гуэдз хьэжыгъэу - г 30, тхъууэ е кIапэ дагъэу - г 30.

● Псалъэхэм я мыхьэнэр

## КIэсырыхь

Жылагъуэ зэхэтыкIэм, зекIуэм ехьэлIауэ пасэм щыгъуэ адыгэхэм яхэлъа хабзэ мыхъумыщIэщ. ЦIыху щэкъэщэхун хабзэжьыр щыщыIа зэманым зекIуэ кIуэ адыгэпщхэр, уэркъхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм ятеуэрти, я цIыхухэр (псом хуэмыдэу ныбжьыщIэхэр) щIакIуэм кIуэцIыгъэджэрэзауэ къахьырт. Апхуэдэ хъунщIэ-теуэм къыхахыу къахьам «кIэсырыхькIэ» еджэу щытащ.

КIэсырыхьым хуитыныгъэ лъэпкъ иIэтэкъым, ар, уеблэмэ, пщылI и пщылIыжут къызэралъытэр. Пщыр е уэркъыр щыхуей дыдэм деж кIэсырыхьыр ищэж е тыгъэу нэгъуэщIхэм ярит хъурт.

## ЖыIакIуэ

Жылагъуэ зэхэтыкIэм епха псалъэщ. Пасэм щыгъуэ лъэпкъитIым е жылитIым яку къаугъэ къыдэхъуамэ, лъэныкъуитIыр зэгурызыгъэIуэжыфыну лIыкIуэ гуп ягъакIуэу щытащ. А гупыр екIуэжакIуэ щагъакIуэкIэ, лIы Iущ гуэр пашэ хуащIырт. Абы «жыIакIуэкIэ» еджэу щытащ.

ЖыIакIуэр гупым ипэ иту пщIантIэм дыхьэрт, яцIыхун папщIэ. Абы Iуэхур зытетыр, къызытекIуэхьар жиIэрт. Ар зэфIэкIыху адрейхэр псэлъэну хуиттэкъым.

## Жьагъэхэх

Адыгэ нысашэм хэта хабзэщ. Щхьэгъусэ къэзыша щауэм и ныбжьэгъу и гъусэу губгъуэм ит мэл пщыIэхэр къикIухьырт. Ар зытехьэ пщыIэм, хабзэм тету, зы мэл къритырт. Абы зэреджэр «жьагъэхэхт». Апхуэдэу зэхуахьэса мэлхэм фызышэ хьэгъуэлIыгъуэм къекIуэлIахэр ирагъэхьэщIэрт. Хабзэр лIэщIыгъуэ блэкIам и 40 гъэхэм кIуэдыжащ.

## Жыджэрыбжьэ

Лэжьыгъэм, щIыхьэхум епха хабзэхэм щыщщ. Мэз паупщIыну е гъавэр къашэжыну щIыхьэху щащIкIэ, нэхъыжьхэр зэгурыIуэрти, гу къэс цIыху тIурытI ирагъэтIысхьэрт. ИтIанэ зэдэууэ ирагъажьэрт. И Iуэху тэмэму зэфIигъэкIауэ япэ къэсыжым махъсымэ шынакъ иратырти ехъуэхъухэрт. Абы «жыджэрыбжьэкIэ» еджэрт.

● ГъащIэ теплъэгъуэ

# ГъэунэхупIэ

ЦIыху мымащIэ щылажьэ лъэщапIэр щэху хъуат. ЛэжьакIуэхэр зэбгрыкIыжауэ, пэIущIэм деж щызэхэт унафэщIымрэ и къуэдзэхэмрэ Нусэ къахыхьащ. Зи ныбжьыр фIыуэ хэкIуэта цIыхубзым пэшхэр зэщIикъуэрт, чэщей щыкъуу зэрихьэрт. Нанэ гумызагъэр псоми фIыуэ ялъагъурт.

ЩIалэхэм языр къэпсалъэри: «Нусэ, уэ пхуэдэ нанэ зи унэ щIэсым сыту я насып», - жиIащ. «Фи щхьэгъусэхэри нэхъыфIыжу къыщIэкIынщ, ауэ, хэт ейр сыт хуэдэу щытми, иджыпсту, хуит сыкъэфщIмэ, вжесIэнщ», - къыпыгуфIыкIыурэ жеIэ нанэ гушыIэрейм.

ЩIалэхэр зэуэ жан къэхъури: «Дыарэзыщ, Нусэ», - зыжьэу зэдэпсэлъащ. СыткIи дзыхь зыхуащI, чыржын пщтыррэ адыгэ кхъуейрэ сытым дежи къахуэзыхьу зыгъатхъэ Нусэ, абыхэм анэм хуэдэу ялъагъурт.

Ар жьантIэмкIэ дыхьащ, телефоныр трихри екIэпсэуащ. Япэ здеуар тхьэмадэм и унэгуащэм дежт. «Нухь сыхуейт, - хъыджэбз макъ зещIри йопсалъэ, зызэримыгъафIэ къигъанэркъым. - Нобэ сыхьэтыр тхум дызэхуэзэн хуеяти, къэкIуакъым».

Апхуэдэурэ щIалищми я щхьэгъусэхэм епсэлъащ. Ещанэу здекIэпсэуар инженер нэхъыжьым и унэгуащэм дежт. Псалъэмакъым гупсэхуу къедэIуа нэужь: «Си щхьэгъусэм зэи цIыху къигъапцIэркъым. Тэмэму фызэгурыIуамэ, нэкIуэнщ, ежьэ», - къыжриIащ.

Мыдрей тIум я щхьэгъусэхэр зэман дэмыкIыу мафIэр къапылъэлъу, я нэхэм уафэхъуэпскIыр къыщIихыу къэсащ. Езы щIалэ дыдэхэм я пщIыхьэпIэ къыхэхуатэкъым апхуэдэ щытыкIэ гугъум ахэр ихуэну...

«Мурид (инженерырат), уи насыпщ, акъыл иIэщ уи щхьэгъусэм. Аращ щхьэм гъусэ екIу дыщIыгъумэ, фIыгъуэщ щIыжаIэр. Упсэуху тыншу дунейм утетынущ, - щIалэхэм захуегъазэ Нусэ етIуанэ махуэм. - Ауэ фэ тIум си гур нэхъ фщIэгъуащ».

ЩIалэхэр укIытэри, я щхьэр Iуахащ. Щхьэж и IэнатIэм пэрыувэжащ лэжьэну, ауэ я гум щыщIэр я нэгум къищырт абыхэм.

**БАГЪ Марьям.**

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Бгъуэ егъапщи, зэ ... . **3**. Нысэм зэхихыу уи пхъум ... . **6**. Мэлыхъуэр шхын щхьэкIэ лIати, «и гуфIакIэм щэ ... хъунщ», жаIэрт. **8**. Псалъэ лейм ... лей даIэтыркъым. **10**. Пщащэр ... гуащэмэ, кхъуейхьэбыкъуэ ешх. **11**. Шылэм и ... зеукIыж. **12**. Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр ... . **13**. Жеймрэ гугъэмрэ ... щIэиныфIщ. **15**. Зэхьэзэхуэ ..., зэижитI мэунэхъу. **18**. Быдэ и ... гъыркъым. **19**. Уи хьэщIэри гъафIэ, уи къуэшри фIыуэ ... . **20**. Уи бын фIыуэ зылъагъум уи ... фIыуэ елъагъу. **22**. Бажэм и хьилагъэр япэ ... **24**. Бжьыхьэпэ ... пщы IупэфIэгъурэ. **25**. ХьэщIэр ... исмэ, быным ящыщ мэхъуж.

*Къехыу:* **1**. Щхьэ къуийм и лажьэ щхьэ ... ищIэркъым. **2**. Уи нэ къеIэм и ... еIэж. **4**. ЦIыху зэрыкI вы ... йохуэ. **5**. ЩIым зы ..., щэ къыуетыж. **6**. Адэр ... хуэдэщи, анэр нэм хуэдэщ. **7**. ... уи бын пIыж. **8**. Ныбгъуэр ..., хьэсэр и плъапIэщ. **9**. Жэм лъакъуэ ... иукIрэ? **14**. ... ябз ... ядыжыркъым. **15**. ЗыптхьэщIмэ, нэху ..., уущмэ, гъуэгум хощI. **16**. ФызыфI зиIэм хъуэхъу и унэ ... **17**. Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и ... . **21**. Я выр уэдрэ я ... пшэрмэ, унагъуэщ. **23**. Пщы зи щыпэлъагъум ... щохъу.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ.**




**Мэкъуауэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Хьэжэпхъажэ. **5**. КIарц. **6**. Бурш. **9**. Мухьэрэб. **11**. КIэпIейкIэ. **14**. Хъуэжэ. **16**. Хъудыр. **19**. Вындыржьыч.

*Къехыу:* **2**. Жыр. **3**. Пэ. **4**. Аму. **5**. КIэ. **7**. Шы. **8**. Лъэуей. **9**. МэкI. **10**. Бгъэ. **12**. Тхъу. **13**. Ер. **15**. Жин. **17**. Дыжь. **18**. Вы.

# ТхакIуэхэм я щIэнIуатэ

**Грознэ къалэм къыщызэIуахащ Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Ипщэм, Кърымым я лъэпкъ литературэхэм хухаха щIэнIуатэ. Ар къызэригъэпэщащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. ЩIыналъэ 12-м я лIыкIуэхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ литературэхэм, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм хуащI гулъытэм, щIыналъэхэм я лъэпкъыбзэхэр литературэм зэрехъулIэм, щIэджыкIакIуэхэр нэхъ зыдихьэххэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.**

ЩIЭНIУАТЭМ и пэублэ зэIущIэр къызэIуихащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Иванов Николай. Абы ягу къигъэкIыжащ 1976 гъэм екIуэкIауэ щыта литературэ зэIущIэшхуэм тхакIуэ Исмаилов Абу щыжиIауэ щытахэр: «Тхыдэ пэжыр зэрызэфIагъэувэр зэныкъуэкъу къудейуэкъым, атIэ абы къару щиIэщ псалъэм».

Iуэхум хэтыну Шэшэн Республикэм щызэхуэсахэр япэщIыкIэ ирагъэблэгъащ Гудермес къалэм дэт ди къэралым и Президент Путин Владимир и цIэр зезыхьэ университетым. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэу республикэхэм щыIэхэм я унафэщIхэм университетым и библиотекэм иратащ художественнэ тхылъхэр. Университетым къыщыхалъхьэу къызэдащта Iуэхугъуэхэм ящыщщ бжьыхьэм ирихьэлIэу «Слово Донбасса» усэ пшыхь абы къыщызэгъэпэщыныр.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и гъэм и щIыхькIэ Грознэ къалэм щекIуэкIа литературэ зэхыхьэшхуэм ди республикэм и лIыкIуэу хэтащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, абы и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхакIуэ ХьэкIуащэ Мадинэ, тхакIуэ Къудей Фаридэ сымэ. ЩIэнIуатэр Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ щытащ. Прозэм, усыгъэм, драматургием, художественнэ зэдзэкIым, литературэ критикэм я гугъу щащIащ абыхэм.




КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым къыхигъэщащ апхуэдэ щIэнIуатэхэм я мыхьэнэр зэрыиныр, псом хуэмыдэу лъэпкъыбзэхэр гулъытэ щыхуэныкъуэ ди зэманым, абы къыхэпхын щIэныгъи щапхъи зэрыщыбгъуэтынур. Бейтугановым фIыщIэ хуищIащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм икIи абы щагъэбелджыла Iуэхур къэралым ис лъэпкъхэр нэхъри зэкъуэувэнымкIэ зэрысэбэпыр жиIащ.

Грознэм къыщызэрагъэпэща щIэнIуатэм IуэхуфIхэр къриkIуэнущ. ЩIыналъэхэм щытепсэлъыхьыжынущ абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэм. Псалъэм папщIэ, мэкъуауэгъуэм и 25 - 26-хэм Къэзан щызэхыхьащ Поволжьем, Уралым, Ищхъэрэ-КъухьэпIэм, Алтайм я литературэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ къыхалъхьа Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэнум и щыхьэтщ къэралым и щIыналъэхэм я тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт альманаххэр къыдагъэкIыну зэрамурадыр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

---

**● Хъыбар гуапэ**

# Алинэ иратхэ Гиннесс и тхылъым

**ЦIыхубз альпинистхэм ящыщу и ныбжькIэ псом нэхърэ нэхъыщIэу метр мини 8-м щIигъу я лъагагъыу дунейм тет къурш 14-ми я щхьэщыгум япэу ихьар Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыджэбз пажэ Пекъу Алинэщ. Абы и зэфIэкI къызэрымыкIуэр иджыблагъэ ихуащ Гиннесс и тхылъым, рекордхэр иратхэу щыIэм.**



АБЫ теухуа хъыбар Алинэ къритхащ соцсетхэм езым щиIэ и напэкIуэцIхэм. Пекъум зэрыжиIамкIэ, абы и рекордхэр официальнэу къалъытащ дуней псом щынэхъ лъагэ бгыхэм я щыгум дэкIынымкIэ программэр игъэзэщIа нэужь.

«Иджы, сэ официальнэу сратхащ рекордхэмкIэ Гиннесс и тхылъым, я лъагагъкIэ метр мини 8-м щIигъу къурш 14-ми япэу дэкIа бзылъхугъэ альпинистхэм ящыщу псом нэхърэ сынэхъыщIэу сыкъалъытэу», - щитхащ Алинэ соцсетым.

Къыхэдгъэщынщи, ди адыгэ пщащэм хузэфIэкIар Урысей Федерацэм и альпинистхэм, цIыхухъухэми цIыхубзхэми, иджыри къэс зыми лъэкIакъым. Ди къэралым и тхыдэми ар щыяпэщ. Альпинист цIэрыIуэ Богомолов Сергей къурш 13-м я щыгум щхьэщыхьащ, епщыкIуплIанэм хунэсакъым. Абыи щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ, и ныбжьри хэту: ар илъэс 75-м щIигъуащ.

Пекъу Алинэ бгы нэхъ лъагэ дыдэу къалъытэхэм дэкIын щыщIидзар 2023 гъэм и мэлыжьыхьырщ икIи зэман кIэщIым къриубыдэу хузэфIэкIащ къурш уардэ 14-ми и лъэр щигъэувын. Альпинистхэм я дежкIэ ехъулIэныгъэм и ехъулIэныгъэжщ ар. Апхуэдэ зыхузэфIэкIауэ дуней псом тетыр цIыху 41-рэщ, Алини яхэту.

КъищынэмыщIауэ, ди адыгэ пщащэм къищта а къуршхэм ящыщу 10-р Гималаим щыIэщ: Джомолунгмэ (Эверест) (метр 8848-рэ), Канченджангэ (8586-рэ), Лхоцзе (8516-рэ), Макалу (8485-рэ), Чо-Ойю (8201-рэ), Дхаулагири (8167-рэ), Манаслу (8156-рэ), Нанга-Парбат (8126-рэ), Аннапурнэ (8091-рэ), Шишабангмэ (8027-рэ).

Адрейхэр Индиемрэ Китаймрэ я зэпыхьэпIэм деж щыIэ Каракорум къуршхэм яхохьэ: Чогори е K2 (8614-рэ), Гашербрум 1 (8080-рэ), Гашербрум 2 (8035-рэ), Броуд-Пик (8051-рэ).

Мыдрейуэ, псом япэу къурш 14-ри зэщIэзыгъэхьэфар Италием щыщ альпинист цIэрыIуэ Месснер Райнхольдщ. Ар къыщыхуар 1970 - 1986 гъэхэрщ. ЦIыхубзхэм ящыщу Алинэ ипэкIэ ар зэхузэфIэкIар цIыхуищщ. Норвегием и альпинисткэ Харилэ Кристин, гъуэгугъэлъагъуэ Тенджен-ламэ и гъусэу 2023 гъэм къурш 14-ми дэкIащ.

Пекъу Алинэ хузэфIэкIащ 2023 гъэм къурш 11-м дэкIыну, иужьрей 3-р 2024 гъэм къищтащ. ГъэщIэгъуэнращи, япэ илъэсым псоми ящхьэщыхьэнут ар, ауэ альпинистхэр бгым дэкIыну хуит щащI пIалъэр (я шынагъуэншагъэм теухуауэ) и кIэм нэсати, къэмыувыIэу хъуакъым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым хъыджэбз ерыщым псори зэщIигъэхьащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

---

# Щхьэлыкъуэ и Кубокыр къахь



**Щхьэлыкъуэ и Кубокыр дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIа щIыналъэ зэхьэзэхуэ а къуажэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я бэнакIуэ ныбжьыщIэхэу, 2014 - 2015 гъэхэм къалъхуахэр, псори зэхэту команди 9 хъуурэ.**

УДЭЗЫХЬЭХЫУ икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэпеуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр ихьащ Щхьэлыкъуэ къуажэм Олимп джэгухэм я призер Тау Хьэсэнбий и цIэр зэрихьэу дэт спорт школым и командэм.

ЕтIуанэ хъуащ «Локомотив» спорт клубым хыхьэ «Ислъэмейр». Ещанэ увыпIэр къахьащ «Налшык» спорт клубымрэ КъШР-м Пщымахуэ Арсен и цIэр зезыхьэ и спорт школым и гъэсэнхэмрэ.

Ди командэхэм я тренерхэр Хъупсырджэн Резуан, Къущхьэ Жамболэт, Джолабов Къайсын, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Къуэшырокъуэ Астемыр, Къамбий Мартин сымэщ.

# ЕхъулIэныгъэхэр яIэу къагъэзэж

**Мэзкуу областым и Звенигород къалэм щекIуэкIащ спорт гимнастикэмкIэ дуней псом и чемпион Стретович Иван и саугъэтхэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. КИФЩI-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIыхьыр яIэту зэпеуэм хэтащ Бахъсэн къалэм олимпиадэм хэтыфыну зыщыгугъ сабий зэчиифIэхэм щадэлажьэ спорт еджапIэм и гъэсэнхэр икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр абы щызыIэрагъэхьащ.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, 1-нэ разряд зиIэ щIалэхэм я программэмкIэ дыжьын медаль къихьащ Тохаев Алихъан. 2-нэ разряд зиIэхэм я программэмкIэ япэ увыпIэр иубыдащ Артюхов Богдан, ещанэр - АфIэунэ Хъалид.

3-нэ разряд зиIэхэм я программэмкIэ БжыкIший Къаплъэн зыхэта гупым къытекIуэн къахэкIакъым. Мыбдежым етIуанэ щыхъуащ Ахьмэд Мухьэмэд.

Нэхъ цIыкIу дыдэхэр зыхэта, «Гимнаст ныбжьыщIэ» программэмкIэ Тут Мухьэмэд дыжьын, Факъуэ Умар домбеякъ медалхэр къахьащ.

Ди гимнастхэм ядэлажьэр Апатьевхэ Дмитрийрэ Маринэрэщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.283 • Заказыр №1329

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинparam и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А